

Псэукlэ узыншэр и гъащlэ мардэт

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



ГуащlафIэт, лъагъугъуафlэт

4-нэ нап.



«ЦIыкIураш»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№76 (24.982) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ




## ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ

**Мы махуэхэм хэIущIыIу мэхъу курыт школыр мы гъэм къэзыуххэм ята къэрал къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэр. Илъэс блэкIахэми хуэдэу, ди гуапэ зэрыхъущи, ЕГЭ-р мы гъэм зыт ныбжьыщIэхэми къагъэлъагъуэ щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зэрабгъэдэлъыр. Абы теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым щетх:**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и еджакIуэхэм зыуэ щыт къэрал къэпщытэныгъэм къыщагъэлъагъуэ зэфIэкI лъагэхэм дыщогуфIыкI. ЕГЭ-мкIэ нобэ къэIуа хъыбарыщIэхэм гушхуэныгъэ къытхалъхьэ ди ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэ лъагэм папщIэ. Экзаменхэр зытахэм ящыщу нобэкIэ цIыху 19-м балли 100 къаахьащ. Абыхэм ящыщу зи зэфIэкIыр иджы дыдэ хэIущIыIу хъуахэу Салпагаров Къэнэмэт Руслан и къуэр («ДыгъафIэ къалэ», физикэ), Колпаков Дмитрий Николай и къуэр (Нарткъалэ дэт лицей №1, физикэ), Гъусэ Динарэ Жамбот и пхъур (Налшык дэт курыт школ №30, обществознание). Шыхъуэстэн Даринэ Ахьмэд и пхъур (Налшык дэт лицей №2) хэхауэ дохъуэхъу. Пщащэм урысыбзэмкIи физикэмкIи балли 100 къиихьащ.

Балл бжыгъэ лъагэхэр къагъэлъэгъуащ еджакIуэ куэдым. ФизикэмкIэ: балл 90 - 98-рэ къаахьащ ныбжьыщIэ 25-м; обществознаниемкIэ: балл 90 - 98-рэ къаахьащ школакIуэ 25-м. А предметыр мы гъэм ятащ 11-нэ классыр къэзыуххэм ящыщу цIыху 2307-м. Физикэр къыхахащ ЕГЭ-м хэтахэм ящыщу 751-м.

ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ къэзыгъэлъагъуэ еджакIуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, а ехъулIэныгъэхэм зи зэфIэкIышхуэ езыхьэлIа егъэджакIуэхэм си гуапэу сохъуэхъу а текIуэныгъэхэмкIэ. Курыт школыр къэзыух псоми я мурадыфIхэр къайхъулIэну, я гугъапIэхэм ялъэIэсыну, узыншэу гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэну си гуапэщ».

КъищынэмыщIауэ, республикэм и Iэтащхьэм псалъэ гуапэ яхужиIащ «Профессионалитет» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэу Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжымрэ «УхуакIуэ» колледжымрэ. Курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щIэблэм щрагъэгъуэт а еджапIэхэм сом мелуани 100 зырыз къаахьащ. А мылъкур хуаутIыпщынущ Iуэхущlапlэхэм щекIуэкI егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр иджырей мардэхэм хуэкIуэу егъэфIэкIуэным.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIэмкIэ, проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа зэпеуэм еджапIэ 389-рэ хэтати, 95-м грантхэр къахьащ. Абыхэм хиубыдащ зи цIэ къитIуа колледжитIыр. Къыхэдгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжымрэ «УхуакIуэ» колледжымрэ я закъуэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ субъектхэм щылажьэ еджапIэхэм ящыщу зэпеуэм пашэ щыхъуахэр. Апхуэдэ проектхэм дяпэкIи хэтынущ ди щIыналъэм и еджапIэхэр.



## Хэхыныгъэ хабзэм хуагъасэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ «Электоральный диктант» хэхакIуэ хабзэмрэ хэхыныгъэ IуэхумкIэ республикэ зэпеуэм щытекIуахэр, щIыналъэ олимпиадэм пашэ щыхъуахэр щагъэлъапIэ зэIущIэ. Мы Iуэхур хуэунэтIащ хабзэм епха щэнхабзэр къэIэтыным, къытщIэхъуэ щIэблэм граждан жэуаплыныгъэ яхэлъу гъэсэным.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Нало Николай, комиссэм хэт, «Налшык къалэ и ЦIыхубзхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Дыджэш Лидэ сымэ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Сундиевэ Ксение. Абы къыхигъэщхьэхукIащ апхуэдэ жэрдэмхэм щIалэгъуалэр граждан Iуэху еплъыкIэ пыухыкIа яIэу, хабзэм хащIыкIыу зэригъасэр.

Зэпеуэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ щагъэпажэм гулъытэ хэха хуащIащ ныбжьыщIэ акъылыфIэхэм я гъэсакIуэхэм. ЕджакIуэ зэчиифIэхэр зэрагъэхьэзырам, абыхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIам папщIэ Сундиевэ Ксение егъэджакIуэхэм фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

Налшык къалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и къудамэм и IэщIагъэлI пажэ Тетуев Аслъэн фIыщIэ тхылъ иратащ хэхакIуэхэм я правовой щэнхабзэр къэIэтыным ехьэлIа Iуэхухэр къызэгъэпэщыным зэрыхэлIыфIыхьам папщIэ.

ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ящыщу корреспондент Брай Мариерэ видеооператор Шурдым Артуррэ саугъэтхэр иратащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## Япэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт

**«Гъащlэ кlыхь икlи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэу республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и Iэнатlэм цlыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щыхуащlэ Iуэхущlапlэхэр къэгъэщlэрэщlэжын лэжьыгъэхэр жыджэру ирагъэкlуэкl. Абы и лъэныкъуэкlэ щlыналъэм щагъэзащlэ Iуэхухэр КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек и МАХ напэкlуэцlым къыщигъэлъэгъуащ.**

АПХУЭДЭУ Аруан район сымаджэщым и сабий поликлиникэ къудамэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр щрагъэкlуэкlа нэужь, хэпщlыкlыу ефlэкlуащ педиатрие lэнатlэр. Япэм ар сымаджэщым пэш щхьэхуэу хэту щытамэ, иджырей мардэхэм тету яухуа унэм ягъэlэпхъуащ. Махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу цlыхуи 150-м зыхуэныкъуэ дэlэпыкъуныгъэхэр щагъуэтыфынущ.

Апхуэдэу Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт амбулаторэм и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкlащ, унэ щlыбыр къагъэщlэрэщlэжащ. Iуэхущlапlэм цlыху 3000-м щlигъу егъэщlылlащ, абыхэм ящыщу 663-р сабийщ. Амбулаторэм щылажьэхэми абы екlуалlэхэми я тыншыпlэм хуэщlауэ псори къызэрагъэпэщащ.

Зэгъэпэщыжыныгъэр щрагъэкlуэкlынущ Сэрмакъ, Чернэ Речкэ къуажэхэм дэт амбулаторэхэм. Шэджэм щагъэтlылъ сабий поликлиникэм и лъабжьэр. Зеикъуэ щызэрагъэпэщыжащ район поликлиникэр икlи абы къудамэщlэ къыпащlыхь.

Бахъсэн район сымаджэщым хирургие къудамэщlэ щаухуэ, Бахъсэненкэ къуажэм и амбулаторэр, Прохладнэмрэ Май къалэмрэ дэт поликлиникэхэр, Нарткъалэ дэт, Щlыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылlэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеlэзэ сымаджэщым и хирургие къудамэр, Тэрч район сымаджэщым и унэр зэрагъэпэщыж.

ЖКХ

## Иджы щыщIэдзауэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ и министерствэм щекlуэкlащ ди щlыналъэр 2026 - 2027 гъэ бжьыхьэ-щlымахуэ гъэплъыгъуэм зэрыхуэхьэзыр щlыкlэр къэзыпщытэ республикэ комиссэм и зэlущlэ. Ар иригъэкlуэкlащ абы и тхьэмадэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и япэ къуэдзэ Къуныжь Мулэед.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ, республикэр дызыхуэкlуэ бжьыхьэ-щlымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыным ехьэлlауэ щыlэ планым тету лэжьыгъэхэр зэрырагъэкlуэкlыр. Жыпlэнурамэ, абыхэм къапэщылъщ фэтэр куэду зэхэт унэу 2931-рэ, котельнэу 381-рэ, псы къабзэ, хуабэ зэрыкlуэ бжьамийхэр, нэгъуэщlхэри зыхуей хуагъэзэну. Псори зэхэту а лэжьыгъэхэм трагъэкlуэдэнущ сом мелуан 1281,849-рэ.

КъБР-м и щlыналъэ администрацэхэм унафэ хуащlащ фэтэр куэду зэхэт унэхэри щlымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзырыну. Автомобиль гъуэгухэм, уэрамхэм асфальтыщlэ тралъхьэн щlамыдзэ щlыкlэ, абыхэм я лъабжьэм щlэкl инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкlыну е къагъэщlэрэщlэжыну, унэ бжэlупэхэри пщlантlэхэри абы ещхьу зыхуей хуагъэзэну, зэlузэпэщ ящlыну.

Къищынэмыщlауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ и министерствэм тхьэмахуэ къэс къепщытэ КъБР-м и псэупlэ-коммунальнэ Iуэхущlапlэхэр 2026 - 2027 гъэхэм я бжьыхьэ-щlымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзыр щlыкlэхэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## ЩIыхь зиIэ ухуакIуэ



**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м къыдигъэкlа Унафэ №433-м ипкъ иткlэ, ди лъахэгъу Мечиев Батырбэч Ильяс и къуэм «Урысей Федерацэм щlыхь зиlэ и ухуакlуэ» цlэ лъапlэр къыфlащащ.**

«IУАЩХЬЭМАХУЭ бгылъэ-ухуэныгъэ Iуэхущlапlэм» и унафэщl Мечиев Батырбэч а цlэ лъагэр къыхуагъэфэщащ ухуэныгъэ Iэнатlэм щиlэ фlыщlэхэм, илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, бгъэдэлъ зэфlэкlышхуэхэм папщlэ. Мечиевым и унафэм щlэту ар зи пашэ Iуэхущlапlэм мыхьэнэшхуэ зиlэ пэхуэщlэхэр Кавказ Ищхъэрэм щегъэзащlэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щlыналъэм и социально-экономикэ щытыкlэм зегъэужьынымкlэ хэлъхьэныгъэ инщ.

## Ди къуэш республикэхэм

### Зеиншэхэм фэтэрыщIэхэр ират



АДЫГЕЙ. **Республикэм и щыхьэрым сабий зеиншэхэм щратащ фэтэрхэм я lункlыбзэlуххэр. Къэрал программэм ипкъ иту псэупlэр абыхэм къыщыхуащэхуащ Лагъуэ-Накъэ районыщlэм щаухуа унэхэм, Урысейм и Лlыхъужь Цекъу Олег и цlэр зезыхьэ уэрамым тетхэм, ящыщым.**

IУЭХУ гуапэм хэтащ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумпlыл Мурат, Къэрал советым - Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Цей Эдуард, УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу Ипщэ федеральнэ щlыналъэм щыlэм и хэщlапlэм и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Адыгейм къегъэбыдылlа Дрокин Сергей, Мейкъуапэ и унафэщl Митрофанов Геннадий, Мейкъуапэ щыlэ следственнэ къудамэм и унафэщl Попов Роман, нэгъуэщlхэри.

lункlыбзэlуххэр иратащ программэм хэтхэу 50-м. 2026 гъэр и кlэм нэсыху сабий зеиншэхэм Мейкъуапэ иджыри фэтэр 50 къыщыхуащэхунущ. Адыгейм и Iэтащхьэм пщэрылъ ящищlауэ мы илъэсым сабий зеиншэрэ адэ-анэм я нэlэ щlэмыту къэна ныбжьыщlи 150-рэ нэхърэ мынэхъ мащlэ псэупlэкlэ къызэрагъэпэщынущ

Къумпlыл Мурат ныбжьыщlэхэм псэупlэхэм зэрыщlэтlысхьэмкlэ ехъуэхъуащ, фэтэрыщlэхэм насып къахудэкlуэну, унэкlафlэ хъуну зэригуапэр яжриlащ.

### «Кавказ» ансамблыр ятокIуэ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Железноводск къыщапщытэжащ «КъэкIуэнур - сабийхэм» лъэпкъхэм зэдай XV зэпеуэм къэрикIуахэр. Абы Гран-при къыщихьащ Черкесск щыщ «Кавказ» цIыхубэ къэфакIуэ ансамблым.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ жюрим я пащхьэ кърахьащ теплъэгъуэ телъыджэу щы. Абыхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ нэхъыщIэхэр (илъэси 8 - 12), нэхъыжьхэр (илъэс 13-м щыщIэдзауэ 17-м нэс) зыхэта гупитIым.

Жюрим гулъытэшхуэ хуищIащ артистхэм я зэфIэкIым, утыкум дахэу зэритым.

А ехъулIэныгъэм я фIыщIэ хэлъщ «Кавказ» ансамблым и къызэгъэпэщакIуэ икIи унафэщI, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хугаев Эдуардрэ хореограф-балетмейстер, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хугаевэ Аллэрэ. Илъэс куэд хъуауэ зэрылажьэм икIи гъуазджэм зэрыхуэпэжым папщIэ абыхэм фIыщIэ тхыгъэхэр кърататащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Уи зэфIэкIым дрогушхуэ, Увжыкъуэ!

**Адыгэ лъэпкъ литературэр зэрыгушхуэхэм, зэрыпагэхэм ящыщщ усакIуэ икIи тхакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ Iэзэ, Урысей Федерацэм и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм илъэс куэд лъандэрэ хэт Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Аскэрбий и къуэр. Хэкупсэу зи дунейр езыхьэкI адыгэлIым теухуа хъыбар гуапэ къэIуащ иджыблагъэ. Мэкъуауэгъуэм и 12-м, Урысейм и Къэралыгъуэм и махуэм, ирихьэлIэу абы къыфIащащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр.**

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ Къэрэшей-Шэрджэсым хиубыдэ Инжыдж ЦIыкIу Iуфэм Iус Хьэгъундыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр къиуха нэужь, щIалэщIэм дзэм къулыкъу щищIащ. Ар щытхъу пылъу зэфIигъэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие къудамэм щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ IэщIагъэрэ щызригъэгъуэтащ. Увжыкъуэ зэрыжиIэмкIэ, ди республикэращ абы и литературэ творчествэм зыщиужьар, и тхыгъэ нэхъыфIу къилъытэхэр щитхари Къэбэрдей-Балъкъэрыращ.

Иджыри студенту, Увжыкъуэ корреспонденту лэжьэн щыщIидзауэ щытащ «Советская молодежь» газетым. Журналист ныбжьыщIэм илъэсищым щIигъукIэ игъэхьэзыращ



«Псынэ» напэкIуэцIыр. Университетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, ар зэманкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ Налшык дэт еджапIэ-интернатым, лицей №2-м, апхуэдэу илъэс зыбжанэкIэ ар «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту щытащ.

«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ IэнатIэр къыхуагъэфащэу 2003 гъэм Черкесск къалэм ирагъэблэгъэжа нэужь, абдежми Увжыкъуэ щыпищащ и литературэ лэжьыгъэм. Абы и усэхэмрэ рассказхэмрэ мызэ-мытIэу къытехуащ ди республикэм къыщыдэкI «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм. Тхьэгъэпсэум и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэр итщ Къэрэшей-Шэрджэсым щылажьэ школхэм екIуалIэ ныбжьыщIэхэр адыгэ литературэм зэрыхурагъаджэ тхылъхэм. КъищынэмыщIауэ, усакIуэ цIэрыIуэм и тхыгъэхэр ихуащ «Урысейм и лъэпкъ литературэхэм я антологие» фIэщыгъэр зиIэу томитхуу дунейм къытехьа къыдэкIыгъуэм. Ди гуапэ зэрыхъущи, езы Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ а Антологием и федеральнэ редакцэ советым хэтщ, пщIэ хуащIу хагъэхьауэ.

«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 18-м щIигъукIэ лэжьа Увжыкъуэ хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ лъэпкъ журналистикэм и зыужьыныгъэм. Адыгэ усакIуэ Iэзэм, тхакIуэ IэкIуэлъакIуэм зыIэригъэхьа творческэ ехъулIэныгъэхэм къапэкIуауэ щытащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист», «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъагэхэр. 2017 гъэ лъандэрэ Тхьэгъэпсэур УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм Къэрэшей-Шэрджэсым щиIэ къудамэм и тхьэмадэщ.

Гупсысэ куукIэ, фIыуэ илъагъу и Хэкум хуиIэ гурыщIэ къабзэкIэ гъэнщIащ, цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ, гуапагъэмрэ гущIэгъумрэ къызыхэщщ Увжыкъуэ и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ усэ сатырри. Ахэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа тхылъхэр адыгэ лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэ ину къалъытэ.

*... ХЬЭТХЭМ къащIэнахэм бын*
*сахуимыщIам,*
*Си насыпыр щызу сымыпсэуфынт,*
*Адыгэну хъуапсэу си псэр гугъу*
*ехьынт!*
*АтIэ, си насыпкъэ*
*ЦIыху сызэрыхъуар,*
*Жэнэт щIыгу - Кавказыр*
*Хэку зэрысхуэхъуар!*
*Тхьэм къысхуищIа тыгъэщ псори:*
*си гур изщ,*
*СылIщ сэ, сыадыгэщ, сэ сы-Хэкурысщ!..* - щыжеIэ усакIуэм «Си насыпщ» усэм.

«Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» щIыхьыцIэ лъапIэр хуэфащэ дыдэу зыфIаща Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Аскэрбий и къуэм ди гуапэу дохъуэхъу и насып нэхъыбэж хъууэ куэдрэ узыншэу псэуну, адыгэпсэ къабзэ иIэу лъэпкъым зэрыхуэлажьэм и фIагъ къекIыу, и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къехъулIэу бэрэ дунейм тетыну.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# ЗыгъэпсэхупIэ лъэщу щытынущ ди лъахэр

**Республикэм и Хабзэубзыху IанатIэ нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIущIэм ипкъ иткIэ екIуэкIа «Правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ экскурсоводхэм (гидхэм), гид-зэдзэкIакIуэхэм, инструкторхэм я аттестацэр зэрекIуэкIым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист IэнатIэм щIыналъэ къэрал кIэлъыплъыныгъэр зэрыщагъэзащIэм.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ КъБР-м и Парламентым и унафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим икIи зи гугъу ящI Iуэхум и мыхьэнэр жиIащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъапэм гузэвэгъуэхэр, къэхъукъащIэ шынагъуэхэр щыIащ, псалъэм папщIэ, Iуащхьэмахуэ и щыгу е нэгъуэщI бгыхэм зыми и нэIэ щIэмыту цIыхухэр дэкIуейуэрэ хэкIуэдащ, къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI щIыналъэхэми щыIэ турфирмэ щхьэхуэхэм, абыхэм я гид-экскуроводхэм, инструкторхэм нэсу жэуаплыныгъэ зэрамыхьым къыхэкIащ а гузэвэгъуэхэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къалъытэри, а IэнатIэм хабзэр щызэтраухуэн, туристхэм я шынагъуэншагъэмкIэ шэсыпIэ ирагъэувэн мурадкIэ, федеральнэ, итIанэ республикэ законхэр къащтащ. Ахэр хуэунэтIащ гид-экскурсоводхэм я лэжьыгъэм ткIийуэ кIэлъыплъыным, ахэр гъэхьэзырыным, аттестацэм къыщыщIэдзауэ лицензэ къыдахыным нэсыху я нэIэ тегъэтыным, - къыхигъэщащ Жанатаевым.

«УФ-м турист лэжьыгъэм и зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» федеральнэ закон №132-м къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэр КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм зэригъэзащIэм, абы и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Щхьэгъэпсэу Аслъэнбий.

Мы IэнатIэм епха хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткIэ, щIыналъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ экскурсоводхэр, гид-зэдзэкIакIуэхэр аттестацэ щIыныр, турист IэнатIэм къэрал кIэлъыплъыныгъэ щегъэкIуэкIыныр. А лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу ягъэзащIэмэ, туристхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр жыпхъэм изагъэу зэтраублэфынущ, хьэщIэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыфынущ.

«КъБР-м и турист IэнатIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и закон №14-мрэ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм теухуа дэфтэрымрэ япкъ иткIэ, экскурсоводхэм (гидхэм), гид-зэдзэкIакIуэхэм я зэфIэкIыр къызэрапщытэ лэжьыгъэ драгъэкIуэкI. Экзаменхэр мазэ къэс къызэрагъэпэщ, ахэр щекIуэкIыну махуэхэм ятеухуа хъыбархэр IуэхущIапIэм и официальнэ сайтым къралъхьэ.

Республикэм и экскурсоводхэм я лэжьыгъэр къызэрапщытэри ефIэкIуащ. Апхуэдэу 2022 гъэм къыщыщIэдзауэ 2024 гъэ пщIондэ цIыхуи 163-м, 2025 гъэм - цIыхуи 151-м, 2026 гъэм - 32-м я Iэзагъыр къапщытэри, тхылъхэр иратащ. Псори зэхэту - IэщIагъэлI 346-м дэфтэр яIэщ, абы хохьэ гид-зэдзэкIакIуэу 8, Iэпэтэрмэшыбзэр зыщIэ цIыхуиплI. Апхуэдэу аттестацэ зиIэ IэщIагъэлIи 100-м щIыналъэ зэхуаку щIыпIэхэм щылэжьэу хуитыныгъэ яIэщ.

Щхьэгъэпсэу Аслъэнбий къызэрилъытэмкIэ, лъэIу къэзытххэмрэ аттестацэ зиIэхэмрэ я бжыгъэм зэрыхэхъуэр и фIыщIэщ ягъэзащIэ къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэхэм, абы ипкъ иткIэ, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу: 2025 гъэм республикэм цIыху 2 031 000-м зыщагъэпсэхуащ, 2024 цIыху 1 970 000-рэ щыIащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и аттестацэм щхьэкIэ лъэIу тхылъхэр къагъэхь гъунэгъу щIыналъэхэм къикIыу, псом хуэмыдэу Ставрополь краймрэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ, Дагъыстэным щыщ IэщIагъэлIхэм. Ар щыхьэт тохъуэ туризмэм зегъэужьынымкIэ центр нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ ди республикэр зэрыщытым. Аттестацэ зиIэ IэщIагъэлIхэр зэрыдиIэм Iэмал къыдет шынагъуэншагъэр, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр, туристхэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ ди лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэ къулейм, хабзэхэм щыгъуазэ тщIыну, – къигъэлъэгъуащ министрым и къуэдзэм.

Федеральнэ законодательствэм къызэригъэувым тету инструкторхэми Iэмал имыIэу аттестацэ ящIын хуейщ, ар зи пщэ дэлъыр УФ-м и Правительствэм къигъэлъагъуэ спорт федерацэхэрщ. Министерствэр абыхэми жыджэру ядолажьэ, а Iуэхур щIыналъэм тэмэму къыщызэрагъэпэщын папщIэ.

Щхьэгъэпсэур зэпкърыхауэ къытеувыIащ турист IэнатIэм 2025 гъэм и гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ щекIуэкI щIыналъэ кIэлъыплъыныгъэм. Абы ипкъ иткIэ, хьэщIэщхэм, зыгъэпсэхупIэхэм, кемпингхэм, санаторэхэм, бгы-лыжэ гъуэгухэри зыгъэпскIыпIэхэри хэтыжу, щащIэ Iуэхутхьэбзэхэр хабзэм тетрэ темытрэ къапщытэ, зыгъэпсэхупIэм зэрыщIагъэтIысхьэ хабзэхэм, унэхэм, щIыпIэхэм я зэIузэпэщагъым кIэлъоплъ, экскурсоводхэмрэ инструктор-гъуэгугъэлъагъуэхэмрэ аттестацэ яIэрэ ямыIэрэ къахутэ.

Министерствэм хабзэншагъэ къэмыгъэхъуным ехьэлIа Iуэхугъуэ 360-м щIигъу къищтащ, унафэ 80 итащ, къэпщытэныгъэ 24-рэ ирагъэкIуэкIащ, административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудам теухуа протокол 17 итхащ икIи сом мелуани 2 хъу административнэ къуэды къуэншахэм тралъхьащ. КъулыкъущIапIэм хэхауэ профилактикэ Iуэхухэм трегъащIэ, хьэрычэтыщIэхэм къатримыгъэхьэлъэн папщIэ. Апхуэдэ лэжьыгъэм къэрикIуахэр нэрылъагъущ: къэпщытэныгъэр щекIуэкIым Къэбэрдей-Балъкъэрым классификацэ щIын хуей щIыпIэу 400-м нэблагъэ къыщахутащ. Нобэ абыхэм ящыщу 237-м я щытыкIэр зэрагъэзэхуэжащ Къапщтэмэ, 2025 гъэм и пэщIэдзэм республикэм зыхуей хуэза зыгъэпсэхупIэу 89-рэ фIэкIа щыIакъым. 2025 гъэм и гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ классифкацэ зиIэ хьэщIэщхэм я бжыгъэм проценти 166-кIэ хэхъуащ, ар щыхьэт тохъуэ зыужьыныгъэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ щIэгъэхуэбжьауэ ирагъэкIуэкI а лэжьыгъэр экономикэмкIэ зэрыщхьэпэр, туризмэм къыпэкIуэ налогым зэрыхэхъуэр. 2025 гъэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, республикэм сом мелуан 28-м щIигъу налогыу къыщыIэрыхьащ мы IэнатIэм. 2026 гъэм а бжыгъэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хъуну хуагъэфащэ.

А псом къадэкIуэу, 2025 гъэм КъБР-м къыщыунэхуащ «хьэщIэхэм папщIэ унэ» хьэщIэщ лIэужьыгъуэу 300-м нэблагъэ. Иджы федеральнэ закон №127-м ипкъ иткIэ, апхуэдэ хьэщIэщхэри хабзэм къезэгъ щIыным теухуа хабзэубзыху жэрдэм къыхалъхьащ. Аслъэнбий къызэрыхигъэщамкIэ, КъБР-м и Парламентыр и дэIэпыкъуэгъуу министерствэм и мурадщ федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну.

Министрым и къуэдзэр тепсэлъыхьащ хьэщIэщ IэнатIэмрэ туриндустрием пыщIа Iуэхугъуэхэмрэ зэрыкIэлъыплъым, федеральнэ утыкум щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща зэрыхъум, туризм IэнатIэм кIэлъыплъыныгъэмкIэ къэрал къудамэ къызэрызэгъэпэщыпхъэм, къэпщытэныгъэм епхауэ лэжьыгъэм и пIалъэ зрагъэщIамкIэ гъунэгъу щIыналъэхэм щыщхэм зэрадэгуашэм.

Къэпсэлъэныгъэр щиухым, Щхьэгъэпсор къытеувыIащ аттестацэмрэ кIэлъыплъыныгъэмрэ я ухуэкIэ хъарзынэ республикэм зэтеубла зэрыщыхъуам, абы ехъулIэныгъэхэр къызэрыдэкIуэм. А Iуэхум къыпэкIуэну зыщыгугъыр турист IэнатIэр шынагъуэншэу лэжьэнырщ, адрей щIыналъэхэм нэхърэ нэхъыфIу ди лъахэр къалъытэнырщ. КъулыкъущIэм шэч къытрихьакъым 2030 гъэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIам тету, туризм IэнатIэм къиихь хэхъуэр ВРП-м и проценти 8-м зэрынэсынум, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэм щыпашэ зыгъэпсэхупIэ зэрыхъунум.

ЗэIущIэм хэта парламентархэм я упщIэхэр теухуат Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэ туристхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, гидхэм я IэщIагъэр къызэрапщытэ пщалъэхэм, зи гугъу ящIа законыр къащта нэужь, насыпыншагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунрэ мыхъунрэ, апхуэдэуи щIыналъэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм къуршэм гъуэгугъэлъагъуэу щылэжьэфын IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр профильнэ факультет къызэрыщызэрагъэпэщыфынум теухуа Iэмалхэм.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къыхигъэщхьэхукIащ туризмэр республикэм и экономикэм мыхьэнэ зиIэ и IэнатIэ къудей мыхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэу зэрыщытыр, абы къыхэкIкIэ, Iуэхутхьэбзэхэр зэращIэм и фIагъыр нэхъ лъагэу щытын зэрыхуейр. Ар къыдэхъулIэн папщIэ, гидхэр гъэхьэзырыныр хуабжьу Iуэху щхьэпэщ. Комитетым и унафэщIым къыхигъэщащ а Iуэхум гулъытэ хэхауэ хуэщIауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр, аттестацэм къигъэув къалэн ткIийхэм я зэранкIэ, IэнатIэм, зэрымыщIэкIэ, гъуэгугъэлъагъуэ, экскурсовод Iэзэхэр фIэмыкIуэдын папщIэ.

Зэпсэлъэныгъэм, зэIущIэм къыщыIуа жэрдэмхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ къищтащ Iуэхур зи нэIэ щIэт къулыкъущIапIэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр игъэхьэзырыну.

* * *

Мы зэIущIэм хэту депутатхэр хэплъащ «ЦIыхухэмрэ хьэлъэхэмрэ такси псынщIэкIэ къешэкIын Iуэхутхьэбзэм зэхущытыкIэхэр щызэкIэлъыгъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ» федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра законым и проектым.

КъБР-м и Парламентым 2026 гъэм и бжыхьэ сессием иригъэкIуэкIыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа планым, КIэлъыплъыныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым игъэхьэзырам, тепсэлъыхьащ депутатхэр. Ар зэрагъэзэхуэжу КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм утыку къыщрахьэну я мурадщ.

Президиумым хэтхэр хэплъащ УФ-м и экономикэ щIыпIэ хэхахэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, пощт зэпыщIэныгъэм, УФ-м и бюджет, щIы, лэжьыгъэ IэнатIэ кодексхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, нэгъуэщIхэми ехьэлIа, къэралым и щIыналъэхэм къикIа, федеральнэ законхэм я проектхэм, хабзэубзыху жэрдэмхэм, зэрызыхуагъазэхэм.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# ПсэукIэ узыншэр и гъащIэ мардэт

**Ди республикэм и физиолог цIэрыIуэхэм ящыщащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ кафедрэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа профессор цIэрыIуэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, «Стимул» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэу икIи унафэщIу лэжьа КъуэщIысокъуэ Александр (1941 - 2022). ПсэукIэ узыншэр зи гъащIэ мардэу, апхуэдэ дуней тетыкIэм цIыхухэр къыхуезыджэу щыта лъэпкъ еджагъэшхуэм дапщэщи жиIэрт узыншагъэр цIыхур псом нэхърэ нэхъ зыхуэныкъуэ, къулеигъэу щыIэм япэ игъэщыпхъэ фIыгъуэу зэрыщытыр. IэпкълъэпкъыМ бгъэдэлъ зэфIэкIхэри, акъылым и жанагъри, дунейм худиIэ еплъыкIэхэри, гъащIэм щыдубыдыфыну увыпIэри абы зыкъомкIэ зэрепхар къыгурыIуэу, КъуэщIысокъуэм дапщэщи псори къыхуриджэрт я узыншагъэм хуэсакъыну, набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну.**



«Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъуфIу, редакцэм щIэх-щIэхыурэ къакIуэу щытащ Александр. Апхуэдэ зэхуэзэхэм деж ар и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ тепсэлъыхь къудейтэкъым, атIэ IэпкълъэпкъыМ зэпымыууэ зэрызегъэужьын, зэрызегъэшэщIын хуей Iэмалхэм щыгъуазэ дыхуищIырт. Узыншагъэр хъумэным ехьэлIауэ къытхуиIуатэ щIэныгъэхэмрэ хэкIыпIэхэмкIэ дэри тфIэфIу ди щIэджыкIакIуэхэм дадэгуашэрт.

Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIа гъащIэ купщIафIэ къигъэщIащ КъуэщIысокъуэ Александр. Ар Бахъсэн районным хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ. Александр и адэ-анэ БетIалрэ Кунэрэ нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхунымкIэ фIыщIэр зыбгъэдэлъар ЩоджэнцIыкIу Алийт. Къулъкъужын Ипщэм лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм я кIэухым щаухуауэ щыта школым и унафэщIу ягъэуваўэ щытащ ЩоджэнцIыкIур. ЕгъэджакIуэхэр къемэщIэкIырти, Алий лэжьапIэм кърищэлIэжат Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум (ЛУГ) щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэт къулъкъужындэс ныбжьыщIэху КъуэщIысокъуэ БетIалрэ Батыр Кунэрэ. Зы школым щызэдэлэжьащ ахэр, иужькIэ зы унагъуи хъуащ. Алий унагъуэщIэм я ныбжьэгъу гъунэгъу дыдэ хъуауэ щытащ. Александр и анэм къыжриIэжу зэрыщытамкIэ, БетIал и хъэтIыр дахэти, «Къамботрэ Лацэрэ» романыр а лъэхъэнэм зытх Алий и къалэмыпэм къыпыкI едзыгъуэщIэхэр иужькIэ абы кърихыкIыжырт. Езы тхыгъэр иджыри дунейм къытемыхьами, сабийхэм гукIэ зрагъэщIэну иратырт романым щыщ пычыгъуэхэр.

Мурад дахэхэр гъащIэм хуагъэпсу псэун ирагъэжьат БетIалрэ Кунэрэ. Жылэм къыдэхъуэ щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэныгъэ етынымрэ зи IэщIагъэ зэщхьэгъусэхэр ябгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ хьэлэлу ядэгуашэрт къулъкъужындэс ныбжьыщIэхэм, ехъулIэныгъи зыIэрагъэхьэрт. Ди къэралым и тхыдэм къызэрыхэщыжщи, фашист Германиер къыттеуэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу, 1941 гъэм и пэщIэдзэм къыщыщIэдзауэ дзэм ираджэу хуежьащ балигъыпIэ ит цIыхухъухэм я нэхъыбапIэр. Апхуэдэхэм яхэхуэри, гъатхэпэ мазэм и кIэхэм дзэм ираджауэ щытащ БетIали. Унэм къыщIэнат зи гу лъащIэм псэщIэ цIыкIу щызыхъумэ икIи щызыгъафIэ Кунэ дахэр. Танкистхэр щагъэхьэзыр мазищ курс кIэщIхэр къиухри, БетIал куэд дэмыкIыу фронтым Iухьащ, Хэку зауэшхуэр къэхъеяти. Къуэ къызэрыхуалъхуам и хъыбар зэрыт письмо кIапэ щхьэгъусэм хуигъэхьат Кунэ, гуфIэу. Сабийм и Iэ цIыкIу къэтхъыхьар зэрыт тхылъымпIэр псэм хуихьу иIыгъащ, дауи, адэм, гурылъ IэфI куэд а цIыкIум ирипхыу. Кунэ жиIэжу зэрыщытамкIэ, БетIал къитхыжа жэуапым итт: «Нобэ сыхэкIуадэми содэ зауэм: Тхьэм и фIыщIэкIэ, си лъэпкъым пызыщэн цIыхухъу цIыкIу унэм щIэсщ иджы...»

«Узэджэр къокIуэ» жыхуаIэр мыбдеж нэрылъагъу дыдэ щыхъуат... Сталинград деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм и псэр щитащ БетIал, бий бзаджэм псэемыблэжу пэщIэту...

Фашистыдзэм къыдищIылIа мафIаем къытхуихьа бэлыхьхэмрэ хьэзабхэмрэ зыгъэва, «зауэм и быи» зыхужаIэ щIэблэм ящыщу къэхъуащ БетIалрэ Кунэрэ я бын закъуэу Александр цIэ дахэр зыфIащар. Зауэм къигъэщIа дыдэу зыкъилъытэжырт абы, къыщалъхуа махуэмрэ а мафIаем и щIэдзапIэмрэ зэтехуэу зэрыщытым и гугъу ищIу. Абы гупсысэ хэхаи хилъагъуэрт, дунейр зэрызыпхъуэжыну зи мурада фашизмэм и нэхейкIэ ди цIыхур мэбагъуэ, мэпсэу, мэгугъэ, мэпабгъэ кърigъэкIыу. Зауэм адэншэ ищIа сабийхэм ятеухуа уэрэд цIэрыIуэу «Си адэр сцIыхуу щытакъым, Си адэр зэи слъэгъуакъым: Ар гущIэгъуншэу сэ зауэм сIихащ...» псалъэхэр зыхэтыр игу къыщыдридзейкIи, «сэр папщIэ ятха хуэдэт...» псалъэхэр хузэпымыщIэу и нэпсыр нэм къыщIэувэрт, тэмакъыщIэри гухэщIым щIиубыдыкIырт...

Зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм пыщIауэ щыта гугъуехь псори ягъэвац анэми къуэми. Александр къэхъуащ, и адэ къуэшым и нэIэм щIэту. Бын закъуэм зэрелIалIэм къыдэкIуэу, фызабэу къэна Кунэ езыми лэжьыгъэшхуэ щрихьэкIащ жылэм. Къалэн къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри ныкъусаныгъэншэу зэфIихыу еса бзылъхугъэ цIыкIум къуажэм дэлъ лэжьыгъэхэм ящыщу имыгъэзэщIа куэд къэнакъым. Ар пэрытащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм, иджырей библиотекэхэр къызытекIыжауэ «изба-читальня» жыхуаIэу жылэхэм дэтахэм щIэтащ, тыкуэнтетуи, бухгалтеруи, пощтым и нэхъыщхьэуи щытащ. Иужьрейуэ лэжьащ къуажэ советым и унафэщIу.

Зыпэрыт IэнатIэхэм анэм хуиIэ жыджэрагъыр, зыхищIэ жэуаплыныгъэр и щапхъэу къэхъуащ Александр. Жылэм дэт курыт школым ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу щеджащ ар. ЩIалэ гурыхуэр хуэнэхъуеиншэт еджэным, хуэжыджэрт еджапIэм къыщыхуащI къалэнхэм. Курыт школыр хъарзынэу къиуха нэужь, абы мурад ищIащ адэкIи еджэну, арщхьэкIэ а лъэхъэнэм къэрал унафэ щыIэт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэтын ипэкIэ илъэситI-щыкIэ улэжьэн хуейуэ. Абы тету ар къуажэм щызэхэт колхозым хыхьащ икIи учётчикыу щылэжьащ, иужькIэ жылэдэсхэм радио яхущIэзышэхэм яхэтащ, Iэщыхъуэхэм я дэIэпыкъуэгъууи щытащ. ЗэрыжиIэжу щытамкIэ, пщыIэм лIыжьхэм я гъусэу щытес пщыхьэщхьэхэм ар хуабжьу дихьэхыу едаIуэрт абыхэм къаIуэтэж хъыбар хьэлэмэт куэдым. Адыгэбзэр фIы дыдэу зыгъэшэрыуэу щыта щIэныгъэлIым къилъытэрт ди IуэрыIуатэр ипэжыпIэкIэ лъэпкъым и дыщэ пхъуантэу зэрыщытыр а лъэхъэнэм къыгурыIуауэ, анэбзэм и IэфIри абы щыгъуэ гурэ псэкIэ зыхищIауэ.

Апхуэдэу лэжьыгъэ IэнатIэр илъэситIкIэ езыхьэкIа щIалэщIэр еджэным хунэмысу дзэм ираджауэ щытащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну. А къалэныр абы къызыхуэтыншэу щрихьэкIащ Батуми къалэм. Дзэ къулыкъур и кIэм нэсауэ лъагъунлъагъу къагъэкIуэжа щIалэщIэм а Iэмалыр къигъэсэбэпри, КъБКъУ-м и биологие къудамэм щIэтIысхьащ. Зэрыстудентым щыхьэт техъуэ тхылъыр военкоматым ихьри, къулыкъури абдеж къыщиухауэ щытащ. Зэрихабзэу, студент илъэсхэри купщIафIэу ирихьэкIащ Александр. Еджэным къыдэкIуэу, дапщэщи хэтащ университетым щекIуэкI жылагъуэ, щэнхабзэ Iуэхухэм. Бэрбэч ХьэтIутIэ и жэрдэмкIэ абы къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Кабардинка» къэфакIуэ гупым илъэси 5-кIэ къыщыфащ.

Еджэныр диплом плъыжькIэ къиуха нэужь, КъуэщIысокъуэм биологиер, химиер, нэмыцэбзэр щригъэджащ Къэрэгъэш жылэм дэт курыт школым. АдэкIэ абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и аспирантурэм. ЦIыхум и физиологием епхауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу игъэхьэзыращ икIи 1973 гъэм абы щыпхигъэкIащ и кандидат диссертацэри.

Къэралым и щыхьэрым щIэныгъэфI щызригъэгъуэтауэ щалъхуа хэкум къигъэзэжащ Александр. МурадыщIэхэмрэ гупсысэщIэхэмрэ зи куэд щIалэщIэр занщIэуи КъБКъУ-м ирагъэблэгъауэ щытащ. Абы къыщыщIидзэри, илъэс 50-м нэскIэ а IэщIагъэлIым и щIэныгъи, и зэфIэкIи ирихьэлIащ студентхэр егъэджэным, физиологиемкIэ къэхутэныгъэщIэхэр егъэкIуэкIыным, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтыным.

КъуэщIысокъуэм илъэс куэд ипэкIэ къызэригъэпэщауэ щытащ зи лэжьыгъэр узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хуэгъэпса «Стимул» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэр. ЦIыхур, зэрыт ныбжьымрэ зыпэрыт лэжьыгъэмрэ емылъытауэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ гъащIэм къриту зэрыпсэуфынур бэм къагурыгъэIуэныр, абы узэрыхуэкIуэфынур наIуэ щIыныр а IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэу игъэуват Александр. «Стимул»-м абы жыджэру къыщыдэлэжьащ IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэ куэд: дохутырхэр, биологхэр, химиккхэр, физиккхэр, физиологхэр, психологхэр, егъэджакIуэхэр, спортсменхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр. Ахэр еш ямыщIэу ядэлэжьащ сабийхэми, ныбжьыщIэхэми, балигъхэми, зи ныбжьыр хэкIуэтахэми. Спортыр, IэпкълъэпкъыМ и къабзагъэр, псэм и къулеигъэр, гулъытэ зыхуэщIыжыныр - ахэр узыншагъэм и лъабжьэу къилъытэрт физиолог цIэрыIуэм. IэпкълъэпкъыМ иIэ Iэмалхэр нэсу къэбгъэсэбэпмэ, хущхъуэ жыхуаIэр умыщIэу, узыншэу гъащIэ кIыхь къэбгъэщIэфыну жиIэрт. А псоми емышу тепсэлъыхьырт Александр, езым бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ цIыхухэм ядэгуашэу. Апхуэдэ гулъытэ КъуэщIысокъуэм къызэригъэпэщауэ щыта «Стимул»-м ялъигъэIэсащ КъБР-м и жылэ 50-м нэсым, абы и IэщIагъэлIхэр, псори зэхэту къапщтэмэ, яхуэзащ цIыху мин 47-м щIигъум. Абыхэм яхэтщ жьыи щIэи, IэщIагъэлIи унэгуащи, къалэдэси къуажэм щыпсэуи.

Апхуэдэу цIыхухэм яхуэщхьэпэу дунейм тетащ КъуэщIысокъуэ Александр. ЩIэныгъэфI зэзыгъэгъуэта, гудзакъэрэ хэлъэтрэ зиIа, зи лэжьыгъэхэм пщIэшхуэ игъуэта а щIэныгъэлI-физиологыр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ и комитетым хагъэхьат. ЗэфIиха лэжьыгъэфIхэм папщIэ IэщIагъэлIыр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэмкIэ.

Ди щIыналъэм, хэкум я зыужьыныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зэфIэзыха щIэныгъэлIым, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшу, псэукIэ узыншэм и щапхъэу, и джакIуэу щыта КъуэщIысокъуэ Александр и фэеплъыр яхъумэ и Iыхьлыхэм, благъэхэм, къыдэлажьэу, зыцIыхуу щыта куэдым. А цIыху хьэлэмэтыр псэужамэ, мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирикъунут...

И ахърэтыр дахэ хъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



● ЗэIущIэхэр

# Я махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

**Мэкъуауэгъуэм и 17-м Налшык къалэм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и зэIущIэ. Абы хэтащ зэгухьэныгъэм и унафэщI Пэнагуэ Максим, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэмрэ щIыпIэ самоуправленэ IуэхухэмкIэ и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий, нэгъуэщIхэри.**

ХЬЭРЫЧЭТ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зауэжьын папщIэ Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм 2025 - 2026 гъэхэм илэжьам зэIущIэм щыхэплъащ.

- Прохладнэ къалэм хьэрычэт IэнатIэм зыщегъэужьыным, щIыуэпс къулеигъэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным хуэунэтIауэ 2025 - 2026 гъэхэм едгъэкIуэкIа лэжьыгъэм къигъэлъэгъуахэм ятепщIыхьмэ, 2026 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Прохладнэ къалэ округым хьэрычэтыщIэ 507-рэ щылажьэрт. Абыхэм ящыщу цIыху 283-р хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ хэтщ. БлэкIа илъэс ныкъуэм къриубыдэу ди хьэрычэтыщIэхэм я бжыгъэм 86-р къахэхъуащ, - жиIащ Прохладнэ къалэ округым и Iэтащхьэ Кожухов Кирилл.

Къищынэмыщ Iауэ, зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ илъэс 20 зэрырикъум иращIэкIыну зэIущIэхэм елэжьынухэр зэIущIэм щагъэнэIуащ, махуэшхуэм ирихьэлIэу зэхашэну дауэдапщэхэмрэ зэпеуэхэмрэ яубзыхуащ, ятыну саугъэтхэмрэ медалхэмкIэ зэгурыIуащ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ИпэкIэ мэкIуатэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм пщэрылъ щищIащ Украинэм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэр (ВСУ) урысей инфраструктурэм зэребгъэрыкIуам кърикIуахэр нэхъ мащIэ ящIын папщIэ Iэмал нэхъыбэ къагъэсэбэпыну.**

Президентым къыхигъэщащ киев режимым и Iуэхур фронтым псынщIэу зэрыщызэIыхьэр, абы къыхэкIыуи ВСУ-м граждан объектхэм удын яридзурэ зэтрекъутэ, энергоресурсхэмкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэр къызэригъэхъуным хущIокъу, турист лъэхъэнэр къызэпиудынуи хэтщ.

«Псом япэу а шынагъуэхэр къэмыгъэхъуныр зи къалэн нэхъыщхьэр Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэщ. Апхуэдэу щытми, Урысейм и Правительствэми а къэхъукъащIэхэм кърикIуахэр зэгъэзэкIуэжынымкIэ Iуэху пыухыкIахэр иригъэкIуэкIын хуейщ», - жиIащ Путин Владимир.

Къэралым и УнафэщIым къыхигъэщащ ВСУ-м щIыналъэхэр зэкIэлъхьэужьу зэрыфIэкIуэдыр, урысей зауэлIхэм ехъулIэныгъэхэр яIэу ипэкIэ зэрыкIуатэр.

### Техникэ IэщIагъэхэм нэхъ трагъащIэ

**УФ-м и Правительствэм щекIуэкIа зи чэзу зэIущIэм и гугъу щащIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрекIуэкIам. Мы гъэм абы хэтащ еджакIуэ мин 640-рэ.**

Вице-премьер Чернышенкэ Дмитрий къызэрыхигъэщамкIэ, физикэр, химиер, профильнэ математикэр, биологиер, информатикэр зытхэм я бжыгъэр мы гъэм нэхъыбэ хъуащ. «Естественнэ щIэныгъэ предметхэр къыхэзых школакIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм наIуэу къегъэлъагъуэ ахэр иженер-техникэ IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ къудамэхэм щIэтIысхьэну зэрамурадыр», - жиIащ абы.

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм а унэтIыныгъэхэм щыхухахащ тIысыпIэ мин 264-рэ, колледжхэм мин 494-м нэблагъэ. Ар илъэсиплI ипэкIэ щыIам нэхърэ мини 100-кIэ нэхъыбэщ.

«IуэхуфIу къызолъытэ ныбжьыщIэхэм ящыщ куэдым техникэ, инженер унэтIыныгъэхэр къызэрыхахыр. Согугъэ абыхэм ди IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлI Iэзэхэр къахэкIыну», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

**Мэкъуауэгъуэм и 25, *махуэку***

♦ **ХыдзэлIым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ**

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Агъырбэ Юрэ**.

♦ **1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист **Нэхей Руслан**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ журналист, политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщI, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрашэ Аслъэнбэч**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 26, *мэрем***

♦ **Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1920 гъэм** Налшык и Затишье хьэблэм къалэм и япэ санаторэ къыщызэIуахащ.

♦ **1938 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Абдокъуэ Маталио**.

♦ **1945 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис**.

♦ **1990 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 21-рэ: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 18: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 8-р щIалэщ.

*Мэкъуауэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 551-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4224-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**КIыфIми укъыщалъагъу, губгъуэми ущызэхах.**

Экономикэ

Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ

Жылагъуэ Iуэху

# Щыхь лъы къабзэ



**Тхыдэ щхьэхуэ зиIэ щIыпIэхэмкIэ, къэкIыгъэ, псэущхьэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къулейщ ди хэкур. Арами, щыIэщ щIэныгъэлIхэр зыгъэгуауэщхьэуэ, щIыуэпсым ехьэлIа гукъеуэ гуэрхэри. Абыхэм ящыщщ щыхь къуэлэн лъы къабзэ зэрамыгъуэтыжыр.**

20-НЭ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу зи гугъу тщIы псэущхьэр Кавказ Ищхъэрэм щамыгъуэтыжыххэу бзэхащ. А никъусаныгъэр зыгуэрурэ ягъэзэкIуэжын я гугъэу, щыхь къуэлэныр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кърашурэ, Кавказ Ищхъэрэм кърагъэтIысхьэу щIадзат биологхэм. Къыхэгъэщыпхъэщи, Кавказым кърашэлIа щыхьхэм яхэттэкъым щыхь къуэлэн къабзэ жыхуаIэжу, щIэныгъэлIхэр зылъыхъуэр. АтIэ, абы илъ зыхэт щыхь лIэужьыгъуэ щхьэхуэт ахэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ щыхьхэм щакIуэхэм деж щIэупщIэ щаIэххакъым, фейдэ лъэпкъи къапыкIакъым. Мы Iуэхум нэгъуэщI никъусаныгъи къыкIэлъыкIуащ – щыхь тумэхэр багъуэри, щыхь къуэлэн къабзэм хухаха хъумапIэхэр яубыдат.

Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказым щыпсэуа щыхь къуэлэным и генетикэр (ДНК) яджауэ, а мардэхэм къезэгъ щыхь лIэужьыгъуэщ къалъыхъуэр щIэныгъэлIхэм нобэр къыздэсым. Апхуэдэу, хэплъэ-хэдэкIэ щыхь лIэужьыгъуэ зыбжанэ къыщыхутащ ди щIыналъэм. Псалъэм папщIэ, Аскание-Новэ кърата щыхь лIэужьыгъуэр «Нальчикское ГООХ» ФГБУ-м и Iэшэлъашэм щыпсэуащ. Ахэр ди щIыпIэм есами, емысэу щыкIуэдыжами зыми ищIэркъым. Ягъэхъыбаракъым. Ауэ, мы IуэхущIапIэм мызэ-мытIэу щыхь гуп кърашалIэурэ мэзхэм зэрыщIаутIыпщхьар щыхьэт тохъуэ япэрейхэр ди щIыуэпсым зэрыхэмыпсэукIыфар.

Дигу къэдгъэкIыжынщи, 1957 гъэм Кърымым кърашауэ щытащ щыхь 44-рэ. Ахэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, тумэт. Ауэ, зэрыжаIамкIэ, щыхь къуэлэным и лъи яхэтт. ИужьыIуэкIи, 1968, 1975, 1978, 1985 гъэхэм щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кърашащ щыхь къуэлэныр. Абыхэм я псэукIэм щыкIэлъыплъын мурадкIэ яхъумэ щIыпIэхэм щаутIыпщат, ауэ языныкъуэхэр къелакъым, языныкъуэхэм щыхъуакIуэ щIы пычахуэр къемэщIэкIри, щIэпхъуэжащ.

Апхуэдиз илъэскIэ ди щIыналъэр зытелэжьа Iуэхур псэхэкIуадэ хъуащ. Сыту жыпIэмэ, алъандэрэ ди щIыпIэм кърашэлIа щыхь къуэлэныр ди щIэныгъэлIхэр зыхуей лIэужьыгъуэ яхуэщIакъым, пхуэщIынкIи зы Iэмал иIэкъым. Щхьэусыгъуэр - нэхъапэм кавказым щыпсэуа щыхь къуэлэн къабзэм и генетикэ мардэхэр ящIэ мыхъумэ, абыхэм къезэгъыу зы лIэужьыгъуи къахуэгъуэтакъым. Алъандэрэ кърашэлIа къомым я гугъу пщIымэ, апхуэдэ щыхь лIэужьыгъуэхэм уасэ гуэри яIэкъым, биологие и лъэныкъуэкIи мыхьэнэ пылъкъым.

Мыгувэ щIыкIэ а Iуэхур ягъэзэкIуэжыну и ужь ихьащ биологхэр. Кавказым и къэрал псэущхьэ хъумапIэм кърашри, 2016 гъэм щыхьитху къашауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. МазэкIэ якIэлъыплъри, гектар 75-рэ хъу щIы хэхам ираутIыпщхьащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ахэр бэгъуащ икIи щIэныгъэлIхэр алъандэрэ зылъыхъуа лъы къабзэхэм ящыщу къыщIэкIащ. Щыхьыр илъэсым зэ лъхуэуэ аращи, псынщIэу я бжыгъэм хэхъуэркъым, ауэ икIи хэщIыркъым, зэрыжаIэмкIэ. Хуэм-хуэмурэ зауж.

# Ари мэгупсысэ

**«ПсэкIэ/гукIэ зыхызощIэ», «уи псэм/гум жиIэм едаIуэ»... Апхуэдэ псалъэхэр куэдрэ зэхыдох, философхэмрэ тхакIуэусакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр зращIэкIыр зыми имылъэгъу псэмрэ цIыхум и Iэпкълъэпкъым нэхъыщхьэ дыдэу хэлъ гумрэщ. Медицинэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, гур щхьэ куцIым хуэдэу гупсысэфыркъым. Арами, ди нэхъыбэр зэдаIуэр и гум жиIэрщ, атIэ акъылкIэ къыгурыIуэр аракъым. Щхьэ апхуэдэу щыт?**

ЦIЫХУМ «сэ сымыращ» жиIэу, и цIэр къыщриIуэм, щыгузавэм, къыщыщтам деж зимыщIэжу и гум тоIэбэ. Биологие и лъэныкъуэкIэ гур телъыджэ гуэрщ. Псалъэм папщIэ, жаIэ Iэпкълъэпкъыр зыгъэлажьэр щхьэ куцIыр арауэ: абы ди Iэ-ди лъэм, кIуэцIфэцIым, гум «унафэ хуищIурэ» зэригъакIуэу, ар мыхъумэ, фэбжь игъуэтамэ, Iэпкълъэпкъым зыри зыхимыщIэжу. Ауэ цIыхум и щхьэ куцIыр мылэжьэжми, гур, абы зыкIэ емылъытауэ, къеуэфынущ. Ныбэрылъыр къапщтэмэ, япэ дыдэу къэунэхур гуращ. Абы лъы кърихуэкIыурэ, мыдрей Iэпкълъэпкъ псоми зрегъэуэжь, уеблэмэ щхьэ куцIми. ЩIэныгъэлIхэм нобэр къыздэсым къахуэщIакъым гур езыхужьэ къарур зищIысыр.

Гум теухуауэ къэхутэныгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI Калифорние штатым щыIэ институтым (Гум и Математикэм и Институт). «Гум и Математикэм теухуауэ» проектыр къызэзыгъэпэща, а еджапIэм и унафэщI Чайлдре Докрэ абы и дэлэжьэгъу Ховард Мартинрэ ядж гур акъылымрэ псэмрэ зэрепха щIыкIэхэр. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхум и гур къызэреуэм информацэшхуэ кърехуэкI икIи абы елъытащ ди дуней тетыкIэр. КъызыхэкIыр къыдгурымыIуэу дынэщхъейми, дыгуфIэми, дыгушхуэми, дыгукъыдэмыжми – ар псори гум къиxута гуэр Iэпкълъэпкъым ириубгъуауэ, зыкъыуигъащIэу арaщ.

Дауэ-тIэ, цIыхум къефыкI узыфэхэр гум къызэрихутэр? Невролог Армер Дж. къызэрихутамкIэ, гум иIэщ езым и акъылрэ псантхуэ къуэпсхэмрэ. А Iуэху еплъыкIэм пащащ Гум и Математикэм и Институтым щылажьэхэми. ИкIи ахэр щыхьэт техъуащ гур езыр-езыру, щхьэ куцIым емылъытауэ, зэрыгупсысэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, щхьэракъым Iэпкълъэпкъыр зезыгъакIуэр, атIэ, гум акъылми Iэпкълъэпкъми унафэ яхуещIыф! КъищынэмыщIауэ, цIыхум зыгуэр и жагъуэ хъуамэ, къэгубжьамэ, гузавэмэ, ар япэу къэзыщIэр гуращ – и къеуэкIэм зехъуэжри, гумрэ щхьэмрэ зыр адрейм зыхимыщIэжу, «зэхимыхыжу» мэхъу. Абдежым лъынтхуэхэр зэхуешэ, лъыр щхьэм доуей, иммунитетыр йохуэх. Лъынтхуэхэм лъыр гугъусыгъуу щызекIуэмэ, кIуэцIфэцIым лъышэ (кислород) тэмэму лъэIэсыркъым, цIыхур сымаджэ мэхъу. Ди гур гузавэу, абы дыкърихуэкIмэ, щхьэри тогупсысыкIри, лэжьэфыркъым. Ауэ дыгуфIэмэ, дыгушхуэмэ, зыгуэр фIыуэ тлъэгъуамэ, гур тэмэму мэлажьэ, уеблэмэ щхьэ куцIым зэрыпыщIа къуэпсхэр егъэбыдэ. Гур сабырмэ, иммунитетыр докIуеиж, гормонхэри зэтоувэж.



*ЦIыхум и узыншагъэм нэхъапэ зэрыщымыIэр къэплъытэмэ, абы еIэзэ дохутыр IэщIагъэр къыхэзыххэм пщIэ хэха яхуэфащэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, дзыхь зыхуащI, ехъулIэныгъэ зиIэ, зи IэщIагъэм къыхуигъэщIауэ а лэжьыгъэм псэемыблэжу пэрытхэр ди мащIэкъым. Апхуэдэ дыдэуи иджырей щIалэгъуалэм яхэтщ а гъуэгу мытыншыр къыхэзыхахэр, Урысейм и къалэшхуэхэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтхэр, лэжьыгъэм и пIалъэ къыщызыщIэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ мы тхыгъэ цIыкIур зытеухуар.*

# Хуэпэжынущ къыхиха IэщIагъэм



Гъуэтыж Къантемыр Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэ №3-р къиухри, Саратов дэт, Разумовский В.И. и цIэр зезыхьэ къэрал медицинэ университетым щIэтIысхьащ. Къантемыр ехъулIэныгъэхэр иIэу илъэсихкIэ еджа нэужь, ординатурэм иджыри илъэси 2-кIэ и щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ щыхигъэхъуащ «Хирургия» унэтIыныгъэмкIэ, иджыпсту Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ Саратов къалэ клиникэ сымаджэщым (СГКБ СМП) щолажьэ, фIыщIэрэ щытхъурэ иIэу. Дохутыр щIалэм и IэщIагъэр къызэрыхихам, IэнатIэм щиIэ зэфIэкIхэм теухуа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

**- Къантемыр, дауэ къыхэпха хъуа IэщIагъэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ медицинэр? Сыт абы ухуэзышар?**

- Сыщысабийм, адрей щIалэ цIыкIухэми хуэдэу, футболым хуабжьу сыдихьэхырт, спортым зестыну, абыкIэ цIэрыIуэ сыхъуну сыщIэхъуэпсырт. ТIэкIу нэхъыжь сыкъэхъуа нэужь, медицинэм нэхъ сыхуеплъэкI хъуащ икIи биологие дерсхэр сфIэгъэщIэгъуэнт. Псом хуэмыдэу цIыхум и Iэпкълъэпкъхэр, ахэр зэрызэхэтыр зэзгъэщIэну сыхуэпабгъэрт. Ауэрэ узыфэр къызыхэкIыр, ар зэрагъэхъужыр зэзгъэщIэну иужь сихьащ.

Нэхъыжь классхэм сынэса нэужь, къызгурыIуат медицинэм нэхъ сызэрыдихьэхыр. Си адэ-анэми къыздаIыгъащ а гурылъыр. Саратов еджакIуэ сыкъакIуэри, лэжьыгъэми сыщыпэрыхьащ. Зы махуи сыхущIегъуэжакъым апхуэдэ лъэбакъуэм.

**- Къыхэпхари медицинэм и унэтIыныгъэ къызэрыгуэкIкъым. Сыт хуэдэ узыфэ зиIэхэра зыкъыпхуэзыгъазэр, бгъэхъужыр?**

- «Хирургие» унэтIыныгъэр нэхъ сигу къыдыхьащ. Лэжьыгъэ схуэхъуар Iэхэм къеуалIэ узыфэхэр гъэхъужынырщ. Куэдрэ къохъу Iэм сэкъат щигъуэт е щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ Iэпхъуамбэхэр къамыгъэшыфу, зэкIэщIамыхыфу, уеблэмэ ямыгъэхъеифу. Я Iэхэр къадэмыбзыж хъууэ е къупщхьэр къутауэ, лъынтхуэхэм зыгуэр къащыщIауэ, нерв диубыдауэ зыкъыщытхуагъазэ. Iэр, Iэпхъуамбэр щIэмылэжьэжым и щхьэусыгъуэр къэпхутэу, ар зэрыбгъэхъужын Iэмалыр къэбгъуэтын хуейщ.

**- Дохутыр щIалэм и еплъыкIэкIэ, сыт уи IэщIагъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр?**

- Медицинэ IэщIагъэм пэрытым дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр емызэшу и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъэхъуэнырщ. Iуэхум упэрыхьагъащIэмэ, дохутыр Iэзэхэм операцэ зэращIым уеплъын хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уи нэмкIэ плъагъумрэ уи IэмкIэ пщIэмрэ куэдкIэ нэхъыфIу уигу ибоубыдэ, къыбжаIэмрэ укъызэджэмрэ нэхърэ. Си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ дызэджар къызэрыдгъэсэбэпыну щIыкIэр дэзыгъэлъагъун дохутыр лъэрызехьэхэм ядэлэжьэным. ИкIи занщIэу дохутырыфI ухъуну уи нэр къыхуикIын хуейкъым, ар илъэс бжыгъэкIэ зэрагъэгъуэт IэщIагъэм и пIалъэщ, медицинэм щехьэлIам деж тIууащIэу нэхъ гугъущ.

**- Пэжщ, укIэлъыплъын, гугъуехь куэдым упхыкIын хуей мэхъу. Псом хуэмыдэу щIэзыдзагъащIэм и Iуэхур тыншкъым.**

- Ар зэрымытыншыр пщIэуэ упэрохьэ а къулыкъум. Ухуэхьэзырщ. ИтIани хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэр хьэлъэщ. Iуэхур зыIутыр зэбгъащIэмэ, адэкIэ хэбгъахъуэ зэпыту улэжьэн хуейуэ арaщ.

**- Абы папщIэ гъэсакIуэфI уиIэн хуейщ. Медицинэми апхуэдэ?**

- Iэмал имыIэу. ГъэсакIуэкIэ сэ си кIэн къикIащ. Ар категорие нэхъыщхьэ зиIэ врач-хирург, микрохирургиемкIэ IэщIагъэлI пашэ Поляковэ Еленэ Сергей ипхъурщ. Ординатурэм сыкъызэрыкIуэу сэ гу лъыстат абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэм, сымаджэхэм зэрахуэгумащIэм, сыт хуэдэ Iуэхуми цIыхуми гулъытэ хэха зэрахуищIым, гугъуехьхэр зэрызэфIихым. ИкIи сегупсысат, абы сыпэщIэхуэмэ, куэдым сызэрыхуигъэсэнум.

ИужькIэ, и гъусэу лэжьэн щIэздзэри, сэ слъэгъуащ абы операцэ Iэзэу зэрищIыр. КъищынэмыщIауэ, сэ сытригъэгушхуэрт, къыздэIэпыкъурт, зыгурым шэч къыщытесхьэ къэхъумэ, псори схузэпкърихырти, ипэкIэ сигъэкIуатэрт. Иджыпстуи апхуэдэу дызэдолажьэ. Уеблэмэ абы шэч къытрихьэркъым сэ дохутырыфI сызэрыхъунум, сэри абы и гугъапIэхэр зэрызгъэпэжыным иужь ситщ.

**- Ар къохъулIэн папщIэ уеджэн, улэжьэн, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу къыхэпха IэнатIэм упэрыт хуейщ. Уэ сыт хуэдэу зыплъагъужрэ, къэкIуэнум ущегупсыскIэ?**

- Си IэщIагъэр хуабжьу гъэщIэгъуэнщ, апхуэдэ дыдэуи жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхур зэрыIэбэ, Iуэху зэрищIэ Iэр Iэпкълъэпкъхэм я нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIыу псантхуэ, лъынтхуэ, хуэ лIэужьыгъуэхэм сэкъат игъуэтамэ, цIыхур егъэгужьей, Iэпхъуамбэхэр мылэжьэж мэхъури. Ахэр цIыкIуфэкIу защIэу зэхэт, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ пкъыгъуэщ, фIыуэ хэпщIыкIын хуейуэ. Сэ си мурадщ щIэныгъэкIи IэзагъкIи иджыри хэзгъахъуэу сылэжьэну. Къыхэсха унэтIыныгъэр къызыхуэтыншэу зэзгъащIэмэ, дохутырыфIи сыхъунщ.

**- ДохутырыфIым сыт хуэдэ хьэл-щэн хэлъын хуейуэ къэплъытэр?**

- Ахэр куэд дыдэ мэхъу. Ауэ къыхэбгъэщмэ, псом япэу гущIэгъулыуэ щытыпхъэщ, дауи. Жэуаплыныгъэ ин хэлъын хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы цIыху гъащIэр, итIанэ узыншагъэр и IэмыщIэ илъщ. Апхуэдэуи хирургыр Iуэхум тегушхуэфу щытыпхъэщ. Сымаджэр къызэрызэфIэбгъэувэжын Iэмалыр къэплъагъуфрэ цIыхур бгъэхъужыфмэ, удохутырыфIщ. Абыхэм ядыщIызгъунт къыпэкIуэнкIэ хъуну фейдэм, пщIэм уемыгупсысу, уи гумрэ уи псэмрэ къабгъэдэкIыу цIыхум узэрыдэIэпыкъу хьэл дахэр. Дохутырыр нэгъуэщIу лэжьэфынукъым. Зыкъыхуэзыгъэза цIыхур зыкIи къекIуалIэркъым, ицIыхуххэркъым, зыри къыхуищIакъым икIи къыдэIэпыкъуакъым, ауэ езыр хэти сыт щыгъуи дэIэпыкъуну хьэзыру щытыпхъэщ. Дохутыру ущылажьэкIэ, сымаджэр уи щхьэ Iуэхум япэ ибгъэщыныр Iэмал зимыIэщ, ар гъащIэми, IэщIагъэми, къулыкъуми къыпхуегъэув. Зи гугъу сщIыр щытхъурэ фIыщIэрэ ущымыгугъыу улэжьэнырщ. Нэхъыщхьэ дыдэу дохутырым хэлъын хуей щэнщ ар.

**- Къантемыр, сыт уи дежкIэ нэхъ гуапэ дыдэу уи лэжьыгъэм хэлъыр, уи гур хэзыгъахъуэр?**

- Уэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым цIыхум узыр щхьэщыпхауэ, бгъэхъужауэ и нэр къыщыплъэжам деж дохутырым гурыфIыгъуэу зыхищIэр. И IэмкIэ Iуэху имыщIэфу, хуэмыгъэхъейуэ, къеузу къэкIуа сымаджэр операцэ нэужьым и гур зэгъэжауэ фIыщIэ къыщыпхуищIкIэ, пщIэ лэжьыгъэм и уасэр къыбгурыоIуэ, абы сэбэп узэрыхуэхъуам уэ ущогуфIыкI.

**- Ди республикэм исхэм Урысейм и къалэшхуэхэм щыIэ дохутырхэм зыщыхуагъазэ куэдрэ къохъу, технологие лъагэхэмкIэ ящI операцэхэм щхьэкIэ. Уэ урихьэлIа апхуэдэ узэрылажьэ зэман кIэщIым кърикубыдэу? Ухьэзыр апхуэдэхэм защIэбгъэкъуэну?**

- Хьэуэ, зэкIэ срихьэлIакъым. Ауэ сэ хэти, зыщыщым емылъытауэ, сыдэIэпыкъуну, згъэхъужыну сыхьэзырщ. Ди лъахэм щыщ къысхуей хъуми, шэч хэлъкъым, схузэфIэкI зэрыхуэсщIэнум.

**- Саратов ущеджащ, лэжьыгъэм зыщыхыбогъэгъуазэ. Зэман дэкIмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэбгъэзэжыну, Налшык ущылэжьэну уи мурад?**

- Иджыпсту нэхъыбэу зытезгъащIэр си IэщIагъэм и щэху псори къэсщIэнырщ, дохутырыфI сызэрыхъунырщ. Дауи, си унэм нэхъ и гъунэгъуу сыпсэумэ, сылажьэмэ, нэхъ къэсщтэнущ къэкIуэнум. Ауэ, сыздэщыIэ щIыпIэм емылъытауэ, сыкъызыхэкIар сщыгъупщэнукъым. ИкIи си лъахэгъухэм сыт щыгъуи садэIэпыкъунущ, дэнэ сыщымылэжьами.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

# ЦIыху лIэужьыгъуэщIэ иджы къоунэху

**Иужьрей илъэс 20-м хуэдэу цIыхум псынщIэу зыщиужьа зэи къэхъуауэ къыщIэкIынкъым... Жып телефоным интернетыр «пкъралъхьэри», псэ къыхагъэкIащ, ар ди сабийхэм яIэрыхьэри, арыххэу зыгуэрым зихъуэжащ. ЖыпIэнуракъэ, «зэрыхъун хъуауэ къалъху» хъуащ ди сабийхэр. Телефоныр яIэщIэлъурэ бжыгъэм и дунейм къыщыхута цIыкIухэм, бжэкIи хьэрфхэри езыр-езыру зрагъащIэ, бзэ зыбжанэм зэуэ иропсалъэ. КъызэрытщыхъумхуэдэуфIыуэпIэрэ ар, хьэмэрэ дунеягъэкIэ къемыплъэкI цIыху лIэужьыгъуэщIэ къытщIигъэува?!**



ЯЗЫНЫКЪУЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, апхуэдизкIэ гузэвэгъуэщ ди Iуэхури, ди IэкIэ къэдгъэщIыжа бжыгъэ дунейм узэрыхэпсэукIынумрэ абы ущымыгъуэщэнымкIэ дерс щхьэхуэхэр курыт еджапIэм къыщызэгъэпэщыпхъэу пIэрэ жыпIэурэ уегъэгупсысэ.

«Хьэуэ, ар псори нэпцIщ. Бжыгъэ дунейр пщафIэркъым, унэ иухуэркъым, сабий игъасэркъым. IэкIэ утеIэбэ хъуркъым. Ауэ щыхъукIэ, ар щымыIэ гуэрщ. Ауэ цIыхур телефоным апхуэдизкIэ дихьэхащ, зэщIиубыдащи, жейм дыхэтым хуэдэу, дытегупсысыкIауэ, дунеягъэр зыхэдмыщIэжу дыкъигъэнащ. Ар дэ езыращ зи зэраныжыр. Бжыгъэ дунейми телефонми зыри я лажьэкъым. Абы узэрыхэзэгъэну дерсхэр егъэджэныгъэм къыхэбгъэхьэкIи къытхуищIэн щыIэкъым. АпхуэдизкIэ гъэщIэгъуэныщэщ а дуней нэрымылъагъури!» – жеIэ урысей хьэрычэтыщIэ, IэмалыщIэхэмрэ къэухь IэрыщIымкIэ IэщIагъэлI Ашманов Игорь.

Телефоным цIыхур гъэр зэрищIыфымрэ абы кърикIуэнкIэ хъунумрэ къыпхуэгъэлъэгъуэнущ, киберщIэпхъаджагъэхэм я лэжьэкIэм ебгъапщэмэ.

Псалъэм папщIэ, телефоным куэдыIуэрэ исым и акъылыр апхуэдизкIэ псынщIэу, куэду мэлажьэри, щхьэ куцIыр еша нэужь езыр-езыру «зигъэупщIыIужын» мурадкIэ зызэтрегъэувыIэ, зегъэункIыфI. Апхуэдэхэм деж цIыхур делэ-мелэ мэхъу, узэхимыхыщэу, жыпIэри къыгурымыIуэу, жэуап пыухыкIаи къыуимытыжыфу. Феплъыт «тик-токым», «инстаграмым» исырейхэм. Абыхэм я нэм зыгуэр къытрихьам хуэдэу фагъуэщ, нэрымылъагъу гуэрым пхыплъым хуэдэу я нэр топлъызыкI. Апхуэдэхэм упщIэ епту, уепсэлъэн щIэбдзэмэ, занщIэу дунеягъэм къыпхухэшэжыркъым, жыпIэри къагурыIуэркъым. Мис ахэращ киберщIэпхъаджащIэхэм нэхъыбэрэ къагъапцIэри, зи жып яунэщIри. ЗыкъимыщIэж щIыкIэ узыхуей дыдэр къыпхупыхынущ телефоным куэдыIуэрэ исым.

«Апхуэдэ цIыхухэр сабэщыпым ирилъафэ бжьэхуцым хузогъадэ сэ... Уеблэмэ киберщIэпхъаджащIэхэм я хъыбар куэд зэхэзыха, абыхэм япэщIэтынымкIэ дерсым щIэдэIуахэм я закъуэкъым а хъым иубыдыр. АтIэ, а дерсым къеджахэри къагъэпцIэф. Тынш дыдэу ари. Ар елъытакъым IэщIагъэми, щIэныгъэми, цIыхум зригъэгъуэта ехъулIэныгъэхэми. Псалъэм папщIэ, цIыхур гукъыдэмыжщ, е и щхьэгъусэм фIэнауэ, зэбгъэдэкIыжауэ гуауэщхьэуэщ, е ипэ жэщым ефауэ чэф пкърытщ. ТегупсысыкIащ, кIэщIу жыпIэмэ. Апхуэдэр телефоным тIэкIурэ исмэ, узыхуей дыдэр къыжьэдэпшыфыну, мылъкуу къуэлъыр къыIэщIэпхыфыну и щхьэр текIынущ. ЩIэпхъаджащIэхэм а псор къагуроIуэ, зытракъузэнури ящIэ. телефон щыщымыIам цIыхухэр макъамэкIэ ягъэундэращхъуэрт, трагъэгупсысыкIырт», - къыхегъэщ Ашмановым.

Языныкъуэхэр дакъикъэ, сыхьэт бжыгъэкIэ телефоным исурэ, замыщIэжу тегупсысыкIмэ, тхьэмахуэкIэрэ бжыгъэм гъэру иIыгъхэри щыIэщ. Апхуэдэм щIэпхъаджащIэхэр и ужь къиуварэ, мылъкуу къуэлъыр зэрыIэщIахыр нэрылъагъуми, цIыхум ар жепIэкIэ узэхихынукъым, и фIэщ зэрыпхуэщIынни щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, пэжымрэ пцIымрэ хузэхэмыгъэкIыжу нэрымылъагъу бжыгъэ дунейм инауэ щопсэу.

*Гу лъытапхъэщ:* смартфонхэр къэзыгупсысахэм ядэркъым я бынхэм телефон яIыгъыу, интернетым ису. Сыту пIэрэ ар къызыхэкIыр?

«Абыхэм ящIэ телефоным куэдрэ исхэм я нэр зэрызэIыхьэр, я гум зыри зэрырамыубыдэжыфыр, къэгубжьрей, гужьеигъуафIэ, зэрыхъур, шынэ къызэращтэр. УпщIэ къоув: телефоныр апхуэдизу зэранмэ, къэухь IэрыщIыр ди биймэ, щхьэ ахэр цIыхум къигъэщIа, сытым хуэлажьэрэ? Зыгуэр хуеящ псори зы «губгъуэжь»» гуэрым деж дыщызэхуихусу ди ахъши, зэмани, гулъыти тыхь хуэтщIыну, дыкъэзыхъуреихь дунейм дытригъэгупсысыкIыну, адрейхэм уэрэд зэрыжаIэм, зэрыпсэум, яшхым, ящIэм, яшэм деплъу, дедаIуэу, дримыкъужу «лентэр» дэдгъэкIуэтейуэ дызэхэсыну. ИкIи къехъулIакъэ?! «СемышкIэ шхын сухатэмэ, си анэр згъеинт», - жызыIам ещхьу арaщ ар. Ауэ дэ къытIэщIалъхьа семышкIэ сэмбым щIэ иIэкъыми, кIэ имыIэу доIунщI. Щхьэгъэрытыр тщхьэщыкIыркъыми, кумбыгъэм фадэр имыкIуэдыкIыу къытщохъу. Мис арaщ ар зэщхьыр. Бжыгъэ дунейм щыхагъэщIа лъэныкъуэр дэращ», - пешэ IэщIагъэлIым.

Сыт-тIэ, къытхуэнэжыр? Дауэ дыхъуну?

Нобэрей дунейр интернетыншэу, къэухь IэрыщIыр хэмыту и пIэ инэнущ, ди зыужьыныгъэр абы елъытащи. ЩIым Iэмыру тетым цIыхум нэхърэ нэхъ Iущ щIыхэмытыр апхуэдэ зыгуэр хъунщи – дунейпсо бэджыхъым зедмыгъэубыдыныр, ди бынхэри абы щытхъумэныр къалэн нэхъыщхьэу къытхуегъэув гъащIэм. Ди щхьэ дыхуимытыжмэ, ар телефоныр къэзыгъэщIахэм я пщэ щIыдэтлъхьэн щыIэкъым. Ар зыгуэрым и сомхэкIыпIэт, хузэфIэкIырт, и щхьэр абы нэсати - ищIащ. Дэ абы фейдэ къыпытхыу, зыдедмыгъэхьэхыу дыпсэун хуейщ.

Спиртым цIыху куэд зэрыкIуэдыкIа аркъэр къыхащIыкI, сымаджэр уз зэрыцIалэм имылIыкIын папщIи хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп. Абы хуэдэ дыдэщ интернетри. Къызэрыбгъэсэбэпщ.

# Африкэр тIуу ирищIыкIынущ

**Британ щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, хуэм-хуэмурэ ЩIым иджыри зы хышхуэ къыщоунэху. ИкIи абы Африкэр тIу ирищIыкIыу а щIы Iыхьэр зэрызэкIэщIигъэкIуэтынум шэч къытрахьэжыркъым.**

КЪУМЫМРЭ уэгъумрэ хэщIапIэ яхуэхъуа щIыналъэр зыхиубыдэ къэралыгъуэхэу, зэи тенджыз, хы, гуэл жыхуаIэхэр зымылъэгъуа Замбиемрэ Угандэмрэ псы Iуфэ хъунущ. Дауи, ар нобэ-ныжэбэ Iуэхукъым, абы зэманышхуэ ихьынущ. Хэт ищIэрэ, зэгуэр Гибралтар тIуащIэр къызэгуитхъыу хы ФIыцIэм зэрызыкъиIэтам, зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу Iузэв къызэрыунэхуам хуэдэу хъунри хэлъщ.

Нубие, Самоли, Хьэрып тектоническэ плитэхэм я зэпылъыпIэхэр зэрызэгуэтхъыр къыщахута лъэхъэнэращ (2005 гъэм) хыщIэм и хъыбарыр къыщыIуари. Геофизикхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыр зэгуэкIыу хы къызэрыунэхум и щапхъэу нобэкIэ а щIыпIэм и закъуэщ дунейм тетыр. Апхуэдэ дыдэущ зэгуэр хы Плъыжьымрэ Аден тIуащIэмрэ къызэрыунэхуауэ щытари.

Мы Iуэху еплъыкIэу британ щIэныгъэлIхэм кърахьэжьам США-м и геофизикхэри щыхьэт тохъуэ. Абыхэм къызэрахутамкIэ, Хьэрып плитар Африкэм пэщIокIуэт илъэсым сантиметри 2,5-кIэ. Иджыблагъэ Тыркум къыщыхъуа щIыхьей шынагъуэм иужькIэ, Хьэрып плитар зэуэ метри 3-кIэ Iэпхъуащ. Апхуэдэу щIыуэпс насыпыншагъэ зыбжанэ иджыри къэхъужмэ, илъэс мелуан бжыгъэ дэкIмэ къэунэхуну жыхуаIэ хыр ди щIэблэм я нэгу щIэкIынри хэлъщ.

Ауэ хьэкъыр зыщ – Африкэм и къуэкIыпIэр гуэкIынурэ, щIыналъэ щхьэхуэ къэунэхунущ. Ар зыкIи узыпэщIэмыувфын Iуэхущ.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ФЫРЭ Анфисэщ.**






Зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Дыгъужьхэр



ДЫГЪУЖЬЫР хьэл-щэн гъэщIэгъуэнхэр зыхэлъ хьэкIэкхъуэкIэхэм ящыщщ. Ахэр щыIэщ губгъуэхэм, мэзхэм, бгылъэхэм, тундрэм.

Дыгъужьхэм я хьэлъагъщ килограмм 27-м щегъэжьауэ 50-м нэс. Ауэ Аляскэмрэ Сыбырымрэ щыIэщ килограмм 77-рэ зи хьэлъагъхэри.

Нэхъыбэ дыдэу щыIэ лIэужьыгъуэр щхъуэхэрщ. Америкэ Ищхъэрэм и закъуэщ дыгъужь фIыцIэ здэщыIэр. Ахэр дыгъужьхэмрэ хьэхэмрэ къатепщIыкIауэ къалъытэ.

Дыгъужьхэр къугъыурэ зэрощIэ. Псалъэм щхьэкIэ, зым и къугъ макъымкIэ адрейхэм хъыбар ярегъащIэ гупыр зэхуэсын зэрыхуеймкIэ. Къугъыурэ, ящыщ яфIэкIуэдаIами къагъуэтыжыф. ГъэщIэгъуэнщ, гуп къэс езыхэм я къугъыкIэ зэраIэжри. Дыгъужьым и къугъ макъыр зэхэпхыфынущ километри 10-кIэ упэжыжьэу.

Дыгъужьхэм езыхэр щитIысыкIа щIыпIэм ипхуну гугъущ. А щIыпIэм ящыщ дэтхэнэри щIэбэныфынущ и псэр итыху.

А хьэкIэкхъуэкIэхэм дзэ 42-рэ яIутщ. Я дзэпкъхэр сантиметри 6 хуэдиз мэхъу.

Дыгъужь гупхэм я нэхъыбэр унагъуэурэ зэхэтщ. Дыгъужьхэм я гъащIэм къриубыдэу зы гуэгъущ къагъуэтыр. ТIум язым и псэр ита нэужьи, къэнам нэгъуэщI гуэгъу къилъыхъуэркъым зэи.

Дыгъужьхэм я нэхэр щхъуэуэ къытохьэ дунейм, мази 2-4 докIри, а плъыфэм дыщафэ-гъуэжьыфэу зехъуэж.

Дыгъужьым и цым и лъабжьэм щIэтщ цы щабэ. Абы щIыфэм псыIагъэ игъакIуэркъым, псэущхьэр щIыIэм щехъумэ.

ТхьэкIумафIэщ. Мэзым щIэту абы километри 9-кIэ пэжыжьэу къэIу макъхэр зэхех.

Мэр фIыуэ къащIехьэ. ЦIыхум мэ лIэужьыгъуэу мелуани 5-м нэс зэхигъэкIыфмэ, дыгъужьхэм мелуан 200 зэхацIыхукIыф.

Зэ шхэгъуэм лы килограмми 10 хуэдиз яхуошх. Дыгъужьхэр щызэхэзекIуэм къуаргъхэр щыкуэдщ, сыту жыпIэмэ, хьэкIэкхъуэкIэхэм къащэкIуIауэ шха нэужь, къагъэнам хошхыхьыж. Дыгъужьхэм къыщаубыдыф щыIэщ къарууншэ хъуа щыхьхэмрэ бжьохэмрэ. МэжэщIалIэми, дыгъужьыр жану щытыфынущ махуипщI хуэдизкIэ. УIэгъэ хъуа дыгъужьыр щакIуэхэм къаIэщIокIыф, километр зыбжанэкIэ япэжыжьэ захуищIу.

Дыгъужьхэр псы есыкIэкIи Iэзэщ - къэмыувыIэу километр 13-кIэ йосыф.

И кIапэмкIэ къегъэлъэгъуэф и гукъыдэжыр зыхуэдэр. КIапэр Iэтамэ, и къарум къегъэгугъэ, сытми хуэхьэзырщ. Ехьэхамэ, губжь хэлъкъым, зыми зэран хуэхъуну хуейкъым. И кIапэри лъакъуэм диупщIэмэ, зыгуэрым щышынэу аращ.

Дыгъужьхэм сыхьэтым километр 60 хуэдиз къызэранэкIыфынущ. Ауэ ахэр нэхъыбэм хуэмущ зэрызэхэзекIуэр - сыхьэтым километри 8 якIуу.

Мэзым щIэсмэ, дыгъужьхэр мэпсэу илъэси 6 - 8-кIэ. Зоопаркхэм щаIыгъхэм нэхъыбэ къагъащIэ - илъэс 20-м нэблагъэ. Ауэ дыгъужьхэр къэбгъэIэсэныр егъэлеяуэ гугъущ, абыхэм хуитыныгъэрщ яфIэфIыр.

**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.**

# Хьэм ныбжьэгъу къызэрилъыхъуар

*(Бурят таурыхъ)*

Аддэ пасэм щыгъуэ хьэр и закъуэу мэзым щыпсэурт. Щхьэзакъуэныгъэр иужэгъури, абы гъусэ зызыхуищIын ныбжьэгъу къилъыхъуэу щIидзащ. Ауэ ар зыхуейр псом нэхърэ нэхъ бланэ икIи зыми щымышынэ ныбжьэгъут. Егупсысщ, егупсысри, хьэм дыгъужьым нэхърэ нэхъ бланэ дуней псом темыту къилъытащ, икIи дыгъужьым деж кIуэри жриIащ:

- Дегъауи, дыгъужьыжь, зэгъусэу дыгъэпсэу!

- Дэгъуэщ, дыгъэпсэу зэгъусэу, - жэуап къитащ дыгъужьыжьым. Арати, зэгъусэу псэууэ щIадзащ.

Зы жэщ гуэрым хьэр бэнащ.

- Умыбанэ, - жиIащ дыгъужьым. - Мыщэм дыкъищIэрэ къакIуэмэ, дыIэщIэкIуэдауэ бжы.

«Ей-ехь, - егупсысащ хьэр, къызэрыщIэкIымкIэ, мыщэр нэхъ блани дыгъужьым нэхърэ!» Хьэм Дыгъужьыр къигъанэри, мыщэр къилъыхъуэу щIидзащ. Къилъыхъуэурэ къигъуэтри жриIащ:

- Зэгъусэу дыгъэпсэу, мыщэжь!

- Дызэгъусэнумэ, дызэгъусэнщ! - арэзы хъуащ мыщэр. Арати зэгъусэу псэууэ щIадзащ хьэмрэ мыщэмрэ. Зы жэщ гуэрым хьэр бэнащ. Абдежым мыщэр къэшынэри хьэм елъэIуащ:

- Умыбанэ, хьэжь цIыкIу, аслъэным дыкъищIэрэ къакIуэмэ, дыIэщIэкIуэдауэ бжы.

«Ыхьым, къызэрыщIэкIымкIэ, аслъэныр нэхъ бланэжщ, мыщэр абы щыщышынэкIэ - егупсысащ хьэр. - Абы нэхъ бланэ дунейм тету къыщIэкIынукъым».

Хьэр мэзым щIэлъэдащ, аслъэныр къилъыхъуэну.

- Зэгъусэу дыгъэпсэу, - арэзы хъуащ аслъэныр.

Арати хьэмрэ аслъэнымрэ зэгъусэу псэууэ щIадзащ. Зыкъом дэкIауэ, жэщ гуэрым хьэр бэнащ.

- Умыбанэ, хьэжь цIыкIу, цIыху гуэрым узэхихынщ. ГъущI шынагъуэр иIыгъыу къэкIуэнщи, тIури дыкIуэдауэ бжы!

«Аслъэнри псом нэхърэ нэхъ бланэу къыщIэкIынукъым, цIыхум щыщышынэкIэ. ЦIыхур арагъэнщ зыми щымышынэр», - егупсысащ хьэр. Хьэр цIыхум и лъыхъуакIуэ ежьащ. Куэдрэ къикIухьа, мащIэрэ къикIухьа, къигъуэтри жриIащ:

- Уэрэ сэрэ зэгъусэу дыгъэпсэу!

ЦIыхур арэзы хъури, ар и унэм ишащ.

Зы жэщ гуэрым хьэр бэнащ. ЦIыхур къыщIэкIри хьэм жриIащ:

- Армыраи хабзэр, си хьэ цIыкIу. Усакъыу зегъасэ. Iэуэлъауэ зэхэпхамэ, бани хъыбар къызэгъащIэ.

Абдежым хьэм къыгурыIуащ цIыхур зыми зэрыщымышынэр, нэхъ блани дуней псом зэрытемытыр. Абы лъандэрэ хьэр цIыхум и гъусэу мэпсэу икIи и ныбжьэгъу пэжщ.

*ЗэзыдзэкIар*
**ЖУРТ Бибердщ.**

# МэракIуэр гъэмахуэм йокIу



ГЪЭМАХУЭР къэсамэ, цIыкIураш сымэ нэхъ яфIэфI дыдэу зызэратIыжхэм ящыщщ мэракIуэр. Ар IэфIщ, узыншагъэмкIэ сэбэпщ, зэмылIэужьыгъуэ куэдуи щыIэщ. МэракIуэр плъыжьым нэмыщI, нэгъуэщI плъыфэхэри къыщIыхьэу къэкIыфынущ. ЩыIэщ мэракIуэ тхьэмбылыфи, хужьи, балиифи, гъуэжьи. 2012 гъэм США-м япэу къыщагъэкIауэ щытащ «Шакъафэ телъыджэ» зыфIаща мэракIуэ лIэужьыгъуэр. 2021 гъэм мэракIуэ нэхъ хьэлъэ дыдэ къигъэкIауэ щытащ Израилым щыщ жыггъэкI Ариэль Чахи. Ар грамм 322-рэ хъурт. МэракIуэ лIэужьыгъуэу 600-м нэблагъэ щыIэщ. И жылэр и кIуэцIым илъкъым мэракIуэм, атIэ и гущIыIум хэпхъащ. Зы мэракIуэм жылэ щыкъуейуэ 200-м нэблагъэ хэлъщ. Языныкъуэ мэракIуэхэр метр ныкъуэкIэ дэкIеифынущ. Хадэм илэжьыхь IэщIагъэлIхэм мэракIуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд ягъэкI. Дэтхэнэ щIыпIэм сыт хуэдэ лIэужьыгъуэ къыщыкIынуми ящIэ абыхэм, къэкIыгъэм зэрыкIэлъыплъ Iэмалхэри къагъэIурыщIэ. ЩыIэщ щIыIэми уаеми пэлъэщ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэри, хуабэвэхыр зэзэгъхэри. МэракIуэм куэду хэлъщ С, В витаминхэр, калий, клетчаткэ. Абы гум, шхалъэм я лэжьэкIэр ирегъэфIакIуэ, Iэпкълъэпкъыр нэхъ жан ещI, махуэ къэс пшхымэ, псантхуэхэми йоIэзэ. Китайм мэракIуэ тхьэмпэхэр къагъэсэбэп, шхалъэ узыр ирагъэхъужу.

Урысейм щыIэщ мэракIуэм и музей. Ар Саратов областым хиубыдэ Балаковэ къалэм дэтщ. Музейр 2014 гъэм къызэIуахащ, абы мэракIуэм и фестиваль щекIуэкIа нэужь. Музейм щахъумэ мэракIуэм и теплъэр зиIэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэр, тхылъхэр, сурэтхэр, нэгуэщIхэри.

ЦIыкIу-цIыкIуу упщIэтарэ, абы хухэха хъуржын цIыкIум илъыжу 1969 гъэм мэракIуэ къыздащтауэ щытащ «Аполлон - 11» хьэрш кхъухьым исахэм. МэракIуэр яшхатэкъыми, къыздашэжат зыри къыщымыщIауэ. Илъэс 19 дэкIауэ, мэракIуэ аргуэру хьэршым здахьат «Атлантис» кхъухьымкIэ.

МэракIуэм махуэ хэха иIэщ, ар ягъэлъапIэ бадзэуэгъуэм и 9-м.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

# ПсынщIэрыпсалъэхэр

♦ ХьэщIэщым шэнтищ щIэтым хьэщIищ щызэкIэлъыпысщ.
♦ Жэм къарэ жэм пэхур хы Iуфэм къосылIэ, IуосыкIыж.
♦ Вышхуэ къуагуэ пхъэ къуагуэшхуэ.
♦ Афыпс, псы щIыхуфэ, си хуарэжьыр хэмыф.
♦ ПIытIунэрэ ПIытIинэрэ пIырыпI зэхапIытIэ.
♦ Мей, мей, меищхьэ, банэ мин, банащхьэ.
♦ Мо шкIэ бур ди шкIэ.
♦ Жэмыбгъуэ, жэмыбгъуэ бгъэгу хужь жьэгъуашхэ.
♦ Ди псыхьэ лъагъуэ цIэнтхъуэрыгъуэм жыг кугъу тегъуа, джэдыкIэ кугъуэ текIа.
♦ ПхъащIэ хьэщIэм ищIа гущIэм выщIэ щIищIэри, пIащIэу пхащIэм кIуащ.
♦ Шыгурэ выгурэ зэгъуэгуэгъукъым, шыгурэ выгурэ зэдэуэгъукъым.



**Фэеплъ**





# ГуащIафIэт, лъагъугъуафIэт

**Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхубэ тхакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, макъамэтх ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхь. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Композиторхэм я зэгухьэныгъэмрэ.**

МАКЪАМЭ театрым и щIыхьэпIэм деж къэрал Лъэпкъ библиотекэм къыщызэригъэпэщат ХьэхъупащIэм и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ.

Пшыхьыр къызэIуахащ тхакIуэм и гъащIэ гъуэгум теухуа видео теплъэгъуэкIэ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыщыпсалъэм къытеувыIащ тхакIуэр Ленинград консерваторэм зэрыщеджам, республикэм, къэралым гулъытэ къыхуащIу кърита дамыгъэ лъапIэхэм.

1946 гъэм республикэм и Правительствэм игъакIуэри, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр Ленинград щыIэ консерваторэм и адыгэ студием щIэтIысхьащ, режиссёр IэщIагъэм абы щыхуеджащ. А зэманым республикэм макъамэ театр, балет, оперэ щыIэтэкъыми, Хьэжбэчыр а IэщIагъэм зэрытегушхуами къигъэлъагъуэрт щIалэм и хэлъэтыр. ФIы дыдэу зэреджэм къыдэкIуэу, жылагъуэ Iуэхухэми хэтыну хунэсырт. Хьэжбэчыр хагъэхьат консерваторэм и студпрофкомым. Усэхэр, рассказхэр, очеркхэр итхырт а зэманым. Уеблэмэ «Мадинэ» поэмэм либреттэ хуитхат.

КъБАССР-м и къэрал филармонием и художественнэ унафэщIу лажьэу, ХьэхъупащIэр пэрыуващ щэнхабзэ-цIыхубэ лэжьыгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр облсовпрофым и инструктору. Ар къалъытащ Налшык къалэм щIыхь зиIэ и цIыхууи. 2000 гъэм ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр КъБР-м и Къэрал саугъэтым гъуазджэмкIэ и лауреат хъуащ.

- Ди республикэм гъуазджэр щызэтезыублахэм ящыщщ Хьэжбэчыр. КъызэгъэпэщакIуэт, унафэщIт, егъэджакIуэт, чэнджэщэгъут, ныбжьэгъу пэжт. Иджыри куэд къыпыпщэ хъунущ мы къезбжэкIахэм... КъызыхэкIа лъэпкъкIэ цIыхухэр зэхэгъэж ищIыртэкъым, цIыхугъэ зыдилъагъухэр фIыуэ илъагъурт. Куэд илэжьащ республикэм зэгурыIуэныгъэрэ ныбжьэгъугъэрэ илъыным теухуауэ.

Хьэжбэчыр сыщыIущIа, сыщыбгъэдэса махуэхэр си гум Iэфlу илъщ сэри. Ди щэнхабзэм зезыгъэужьа лIы Iущым гуапагъэр изт и гум, - жиIащ министрым.

ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и щыпкъагъэм, и зэфIэкIхэм, и лэжьыгъэм, цIыхугъэм тепсэлъыхьащ ар зыцIыхуу щытахэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий абы республикэм щилэжьахэр щапхъэфI зэрыхъуар къыхигъэщащ. КъБР-м и Композиторхэм я Зэгухьэныгъэм и унафэщI ХьэIупэ Джэбрэlил жиIащ Хьэжбэчыр гъуазджэм лъагъуэ бгъуфIэ зэрыщыхишар. Абы и фIыгъэщ ди республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр Кавказ Ищхъэрэ псом нэхъ лъэщ дыдэу къыщалъытэ зэрыхъуар.

- ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр гъащIэр фIыуэ илъагъурт, гушыIэ дахэ хэлът. ЦIыхухэм ягурыIуэнымкIэ къызэрымыкIуэ зэчий бгъэдэлът. И лэжьэгъухэм якъуэувэрт зэпымыууэ, гулъытэ хуэныкъуэм и Iэр хуишийрт, - жиIащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолий къыщыпсалъэм.

Хьэжбэчыр и лъэпкъым къабгъэдэкIыу пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм, лIы Iущым псалъэ гуапэ хужызыIахэм фIыщIэ яхуищIащ ХьэхъупащIэ МуIэед.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым (дирижёрыр Лыкъуэн Азэмэтщ). Оркестрым игъэзэщIащ Къардэн Хьэсэн и «В родном краю» симфоние макъамэм, «Мадинэ», «Дахэнагъуэ» оперэхэм щыщ ариехэм, ХьэIупэ Джэбрэlил и «Адыгэ щIалэгъуалэ увертюрэм», нэгъуэщIхэми. Уэрэд жаIащ Батыр Мухьэдин, Абэнокъуэ Альмирэ, Гуазэ Тимур, Еуаз Азэмэт, КъуэщIысокъуэ Роксанэ сымэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

**Футбол**

# «Тэрчыр» Джылахъстэнейм къыщызэтрагъэувыIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ иджыри къэс псоми щытекIуа «Тэрчыр» тхьэмахуэ кIуам япэу къыхагъэщIащ. ЕпщIанэ джэгугъуэм абы Джылахъстэнейм къыщефIэкIащ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупыр.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ (апрелым) и 4-м зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ блэкIа мазитIрэ ныкъуэм «Тэрчым» и закъуэт псоми ятекIуэфар. Япэ къекIуэкIыгъуэм хиубыдэу къэнэжар (яныкъуейдэсхэм щаIущIэн хуейяуэ ягъэIэпхъуар хыумыбжэмэ) Налшык и «Спартак-Д»-м дригъэкIуэкIынурат икIи джылахъстэнейдэсхэм очкоищ къыщахьыну куэдым хуагъэфащэрт. Арщхьэкlэ ди республикэм и командэ нэхъыщхьэм и щIалэгъуалэр лъэщу къыпэщIэуващ зэпеуэм щыпашэхэм. Уеблэмэ, япэу хагъэщIэну яхузэфIэкIащ, Тэрч къалэм ар щыпщIэну икъукIэ гугъуми.

Арати, зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр иухащ бжыпэр иджыри къэс зыIыгъа джылахъстэнейхэм зи чэзу текIуэныгъэр зыIэрызыгъэхьа «Логоваз»-р къалъэщIыхьэжауэ. Абы щыгъуэми «Тэрчым» зэкIэ пашэныгъэр къыхуэнэжащ, топу дагъэкIахэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытым и мызакъуэу, езыхэр щызэхуэзам Бабугент къуажэм и командэр зэрыхагъэщIауэ щытам и фIыгъэкIэ. СлIожь, адэкIэ зэхьэзэхуэр нэхъ къызэщIэплъэну икIи удэзыхьэх хъуну къыщIэкIынщ.

Бжыпэр зыIыгъхэм япэжыжьэкъым, налшыкдэсхэм къищынэмыщIауэ, «Малка»-ри. Абыи хьэщIапIэ щыIэу иужьу хигъэщIащ Урыху къуажэм мы гъэм и командэ лъэрызехьэр. Адрейхэр медаль зэныкъуэкъуныгъэм хыхьэфыну фIэщщIыгъуейщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэми бжьыпэр цIыхуитIым щызэдаIыгъщ. Ар топ 12 дэтхэнэми я хьэрхуэрэгъухэм яхудэзыгъэкIа «Малка»-м и пашэ Умар Азэмэтрэ «Логоваз»-м щыджэгу Мокаев Тауланрэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и япэ кьекIуэкIыгъуэм и кIэух зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Бедик**» (Аргудан) - **5**:**3**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **5**:**0**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Малка**» (Малкэ) - **1**:**3**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «**Искра**» (Алътуд) - **2**:**6**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1**:**3**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **3**:**7**.

Бадзэуэгъуэм (июлым) и 14-м зэхьэзэхуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм щIидзэнущ. АпщIондэхукIэ хэти зигъэпсэхунущ, хэти ягъэIэпхъуа зэIущIэхэр иригъэкIуэкIыжынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Тэрч»** | **10** | **9** | **0** | **1** | **38-7** | **27** |
| 2. **«Логоваз»** | **10** | **9** | **0** | **1** | **31-11** | **27** |
| 3. **«Малка»** | **10** | **8** | **0** | **2** | **33-12** | **24** |
| 4. «Спартак-Д» | 9 | 7 | 0 | 2 | 32-12 | 21 |
| 5. «Ислъэмей» | 11 | 6 | 1 | 4 | 29-15 | 19 |
| 6. «Урыху» | 11 | 6 | 0 | 5 | 29-24 | 18 |
| 7. «Яникой-1961» | 10 | 5 | 1 | 4 | 24-38 | 16 |
| 8. «Искра» | 10 | 4 | 0 | 6 | 34-24 | 12 |
| 9. «Псыкуэд-Марвил» | 10 | 2 | 1 | 7 | 20-42 | 7 |
| 10. «Бедик» | 11 | 1 | 1 | 9 | 15-43 | 4 |
| 11. **«Черкес»** | **11** | **1** | **1** | **9** | **12-42** | **4** |
| 12. **«7 Вершин-Шалушка»** | **11** | **0** | **3** | **8** | **21-48** | **3** |



**Самбэ**

# «Гран-при»-р къехь

**Краснодар къалэм спортымкIэ и уардэунэм самбэмкIэ иджыблагъэ щекIуэкIа «Гран-при» дунейпсо зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ, Бахъсэн къалэм Щауэ Iэхьед и цIэр зезыхьэ и спорт еджапIэм и гъэсэн Абазэ Аслъэн.**

КИЛОГРАММ 88-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ди лъэпкъэгъум финалым щыхигъэщIащ Къыргъызым и спортсмен Эсенгазиев Жандос, зэIущIэм и бжыгъэр 11:0-у.

Къыхэдгъэщынщи, иджырей зэхьэзэхуэр самбэмкIэ дуней псом щынэхъ инхэм хабжэ икIи абы щызэпеуащ УФ-м, Арменияем, Белоруссием, Къыргъызым, Къэзахъстаным, нэгъуэщIхэми я командэ къыхэхахэр. Ахэр щIэбэнащ медаль комплекту 10-м, езы зэIущIэхэр раундитI хъууэ щытащ, зым дакъикъищ трагъэкIуадэу.

Урысей Федерацэм и бэнакIуэхэм я хьэлъагъ елъытауэ, зыхэта гупхэм псоми япэ увыпIэхэр къыщахьащ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

**Тхэквондо**

# Къантемыр Европэм макIуэ

**Босниемрэ Герцеговинэмрэ я къалащхьэ Сараевэ мэкъуауэгъуэм и 18 - 22-хэм щекIуэкIащ олимпиадэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) Европэм и командэхэм я чемпионат. Абы щызэпеуащ къэрал куэдым я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 600-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ.**



УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт комплексым и гъэсэн Бицу Къантемыр икIи хуэзэфIэкIащ килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж домбеякъ медаль къыщихьын. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абы Iэмал игъуэтащ Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм Румынием щекIуэкIыну зэпеуэм и зэфIэкIыр щигъэлъэгъуэну.

Ди щIалэм дэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абделджэбаррэщ.

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1307
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* ДыщэкI Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.